**ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**ТАРИЙХ ҲӘМ ҲУҚЫҚ ФАКУЛЬТЕТИ**

**Ҳуқықтаныў кафедрасы**

# ПИТКЕРИЎ ҚӘНИГЕЛИК ЖУМЫСЫ

**Тема: «Жынаят процессинде сорастырыўшының процессуал-ҳуқықый жағдайы»**


**Орынлаған:** **И.Ержанов**
тарийх-ҳуқық факультети юриспруденция қәнигелигиниң 4-курс студенти

**Илимий басшысы:** **Қ.Сейтназаров**
Ҳуқықтаныў кафедрасы доценти, юридика илимлериниң кандидаты


Питкериў қәнигелик жумысы кафедрада алдын ала қорғаўдан өтти.
(2015 жыл _ _____ _- санлы баянламасы)

Кафедра баслығы ў.ў.а___________ И.Матжанов

Факультет деканы___________ А.Алламуратов

**Нөкис-2015.**

**Мазмуны**

**РЕЖЕСИ……………………………………………………………………. 2**

**КИРИСИЎ…………………………………………………………………….. 3**

**I-БАП. ЖЫНАЯТ ПРОЦЕССИНДЕ СОРАСТЫРЫЎ ОРГАНЛАРЫНЫҢ ТУТҚАН ОРНЫ…………………………………….. 9**

1.1. Өзбекистан Республикасында сорастырыў уйымларының пайда болыў тарийхы…………………………………………………………………… 9

1.2. Жынаятшылыққа қарсы гүресте сорастырыў органларының роли……………………………………………………………………………….. 12

1.3. Сорастырыў ҳәм дәслепки тергеў ортасындағы улыўмалық ҳәм өзгешеликлер…………………………………………………………………….. 19

Биринши бап бойынша жуўмақлар……………………………………... 32

**II-БАП. СОРАСТЫРЫЎ ОРГАНЛАРЫ ҲӘМ ЖЫНАЯТ ПРОЦЕССИНДЕ СОРАСТЫРЫЎШЫНЫҢ ПРОЦЕССУАЛ ЖАҒДАЙЫ……………………………………………………………………… 34**

2.1. Сорастырыў органлары ҳәм олардың тийкарғы ўазыйпалары………………………………………………………………… 34

2.2. Сорастырыўшының процессуал жағдайы………………………… 34

2.3. Сорастырыўды өткериў тәртиби…………………………………… 47

Екинши бап бойынша жуўмақлар……………………………………… 57

62

**ЖУЎМАҚЛАЎ………………………………………………………………...**

**ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ…………………… 63**

**67**

# КИРИСИЎ

**Теманың актуаллығы.** Өзбекистан Республикасында суд-ҳуқық тараўын демократиялық негизлерде еледе реформалаў, беккемлеў ҳәм еркинлестириў бойынша әмелге асырылып тарыған нәтийжели ислерде мәмлекетимиз парламенти әҳмийетли орынға ийе[1]. Сол тийкарда, мәмлекетимиз жынаят процессуал нызамшылығының тийкарғы ўазыйпалары жынаятларды тез ҳәм толық ашыўдан, жынаят ислеген ҳәр бир шахсқа әдил жаза берилиўи ҳәмде айыбы болмаған ҳеш бир шахс жуўапкершиликке тартылмаўы ушын айыпкерлерди анықлаўдан ҳәмде нызамның дурыс орынланыўын тәмийинлеўден ибарат.

Мәмлекетимиздиң ҳуқықый ҳәм экономикалық раўажланыўының тийкарғы ҳуқықый кепили, бул – Өзбекстан Республикасы Конституциясы есапланады. Конституциямыз тийкарында қойылған талап ҳәм қағыйдаларға толық тән болған экономикалық раўажланыў моделимиз тийкарында алып баралып атырған реформалардың қаншелли туўры екенлигин ҳәзирде өмирдиң өзи дәлиллемекте[2].

Елимиз өз ғәрезсизлигине ерискеннен соң ҳақлы рәўиште дунья жүзине «Өзбек модули» деп аты таралған раўажланыўдың басқышпа-басқыш, ҳәр қыйлы экономикалық секириўлерден жат болған эволюцион раўажланыў жолын таңлады. Соны да айрықша атап өтиўимиз тийис, Өзбекстан Республикасы Президенти Ислам Каримовтың Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжилисиндеги «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы»[3] атамасындағы баянаты ҳәм оннан келип шығатуғын ўазыйпалар басқышпа-басқыш раўажланыўдың

[1] [1] Каримов И.А. Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Сенати ва Қонунчилик палаталарининг қўшма мажлисидаги нутқи // Халқ сўзи. 2015 йил 24 январ

[2] Каримов И.А. Әмелге асырып атырған реформаларымызды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетин қурыў-жарқын келешегимиздиң тийкарғы факторы // Президент Ислам Каримовтың Өзбекистан Республикасы Конституциясы қабыл етилгениниң 21 жыллығына бағышланған салтанатлы мәресимдеги баянаты / 2013-жыл 6 декабрь. – Т.: Ўзбекистон, 2013.

[3] Каримов И.А. Мамлакатимизда демократик ислоҳотларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш концепцияси / Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2010 йил 12-ноябрдаги Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенати қўшма мажлисидаги нутқи // Халқ сўзи, 2010 йил 13 ноябрь, № 220 (5135).

даўамы болып, мәмлекетимиздиң ҳуқықый тараўының жетилисиўинде үлкен бир қәдем болды. Журтбасымыздың бул баянаты елимизде келешекте мәмлекет ҳәкимияты ҳәм басқарыўын және де демократияластырыў, суд-ҳуқық системасын реформалаў, мәлимлеме тараўын реформалаў, мәлимлеме алыў ҳәм сөз еркинлигин тәмийинлеў, Өзбекстанда сайлаў ҳуқықы еркинлигин тәмийинлеў ҳәм сайлаў нызамшылығын раўажландырыў, пуқаралық жәмийети институтларын қәлиплестириў ҳәм раўажландырыў, демократиялық базар реформаларын ҳәм экономиканы либералластырыўды және де тереңлестириўге бағдарланған.

Мәмлекет өз сиясатының бәрше бағдарларын әмелге асырыў менен биргеликте өзиниң әҳмийетли бағдарларынан бири – жынаятшылыққа қарсы гүресиў мәселесине де үлкен итибар бермекте. Бул фактор жәмийет ушын қәўипли жынаятлар ислеп атырған, жәмийетимизде орнатылған тәртип-қағыйдаларды бузып атырған, ҳадал мийнет пенен күн кешириўди қәлемеген шахсларға қатал ҳәм әдил жаза шараларын қоллаўды талап етеди. Ҳақыйқатында да, бул ең әҳмийетли, кешиктирип болмайтуғын ўазыйпалардан бири болып есапланып, нызамлардың бузылыўларына жол қоймаўды, жынаятларды тамамлаў ҳәмде оларды келтирип шығарған бәрше себеп ҳәм шәрт-шәраятларды сапластырыўды тәмийинлеўден ибарат.

Жынаятшылыққа қарсы гүресте ҳуқық қорғаў уйымларының орны гиреўли Жынаят-процессуал нызамшылыққа муўапық, бул органларға ҳуқықый тәртипти сақлаў, жынаятты тез ҳәм толық ашыў, олардың алдын алыў, жынаят излери жоқ болып кетпестен алдын тергеўди шөлкемлестириў, айыпкерди табыў, нызамның дурыс қолланылыўын тәмийинлеў ҳәм басқада ўазыйпалар жүклетилген. Сонлықтан, сорастырыўшы, тергеўши ҳәм прокурор жынаят белгилери табылған ҳәр бир жағдайда өз ўәкилликлери шеңберинде жынаят исин қозғатыў, жынайый ҳәдийсени, жынаят ислеўде айыпкер болған шахсларды анықлаў ҳәм оларды жазалаў ушын нызамда нәзерде тутылған бәрше шараларды көриўи шәрт.

Жынаятшылыққа қарсы гүресте жәмийетлик қәўипли ҳәрекет

бойынша өз ўақтында кешиктирип болмайтуғын иләжларды әмелге асырыў лазым. Бул ҳәдийсе жынаятты сапалы ҳәм тез ашыўға жәрдем береди. Бундай искерликти. Бундай искерликти көпшилик ҳалатларда сорастырыў уйымлары әмелге асырады. Демек, жынаятқа қарсы гүресте сорастырыў уйымларының әҳмийети үлкен. Бул болса, өз гезегинде, сорастырыўды жүритиўге жуўапкер болған мәмлекет органлары ҳәм мәпдар шахслардың ҳуқықый жағдайын белгилеп бериўши нормаларды жәнеде жетилистириў зәрүриятын пайда етеди.

Сорастырыў органлары ҳәм сорастырыўшы мәселелери жынаят-процессуал пәниниң ең әҳмийетли ҳәм актуал мәселелеринен бири болып табылады. Сорастырыўда жынаят иси бойынша биринши мағлыўматлар топланады ҳәм биринши нәўбеттеги кешиктирип болмайтуғын ҳәрекетлер әмелге асырылады. Бул сорастырыўдың жынаят судлаў исиниң қалай шешилиўине тиккелей өз тәсирин көрсетиўин аңлатады..

Сорастырыўды жүритиўге жуўапкер болған мәмлекет органларының ҳуқықый статусын ҳәм сорастырыўшының ўәкилликлерин ҳәр тәреплеме ҳәм толық шешиў, дәслепки тергеў басқышы менен байланысын, сондай-ақ ҳәм орынлайтуғын ўазыйпаларын белгилеп алыў зәрүр. Буның ушын улыўма жынаят процессинде сорастырыў түсиниги ҳәм оны жүритиўге ўәкиллиги бар шахслардың ўәкилликлери, сорастырыўды жүритиў шәртлери, олардың классификациясы нелерден ибарат екенлиги ҳаққындағы мәселени шешиў лазым.

**Теманың үйренилгенлик дәрежеси.** Жынаятшылыққа қарсы гүресте сорастырыў жумысларын алып барыўдың шөлкемлестириўшилик ҳәм әмелий мәселелери, жынаят-процессуал нызамшылығына сорастырыўшының искерлигине, оның процессуал жағдайына, басқа процесс қатнасыўшылары менен байланысына тийисли болған қағыйдалар, сырт елде сорастырыў искерлигиниң дүзилиўине арналған әдебиятлар үйренилди. Жынаят-процессуал ҳуқықы тараўында сорастырыў менен байланыслы мәселелер Ғ.Абдумажидов, Б.А.Ахмедов, Г.П.Саркисянц,

М.Х.Рустамбоев, З.Ф.Иноғомжонова, Б.Ҳидоятов, Ш.Иномжонов, сырт ел алымларынан В.М Савицкий, И.Н Якимов, В.А Иванов, Л.М.Карнеев, И.О.Гонтарь, Ф.Н.Фаткуллин, С.Н.Тихомиров, А.Б.Сергеев, В.М.Зажицкий, Н.В.Жогин, А.П.Рыжаков ҳәм басқалардың илимий мийнетлеринде үйренип шығылды[4]. Усы алымлардың пикирлерин илимий болжаў арқалы сорастырыў органы ҳәм сорастырыўшының процессуал жағдайын изертлеў, оның мазмун-мәнисин ҳәмде жынаят-процессуал ислерди жүритиў ўазыйпаларының әхмийетин түсиниў имканияты пайда болды.

Қәнигелик жазыў процессинде жынаятшылыққа қарсы гүрес алып барыўда сорастырыўшының процессуал жағдайының өзине тән тәреплери, сорастырыўды шөлкемлестириў машқалалары ҳәм оны жетилистириў жоллары терең уйренилди.

**Қәнигелик жумыстың мақсети ҳәм ўазыйпалары.** Әдиллик ҳәм нызамлылық – жынаят-процессуал тараўдың баслы мақсетлеринен саналады. Бул мақсетлерге ерисиў жолында ҳуқық қорғаў уйымлары хызметкерлери, солардың ишинде сорастырыўшы, тергеўши ҳәм прокурор тәрепинен жынаят ислерин жүргизиў дәўиринде жынаят-процессуал нызамшылық талапларына толық бойсыныўы, сондай-ақ шахс ҳуқық ҳәм еркинликлерин сақлаўы лазым. Бул орында болса, сорастырыў уйымларының әҳмийети айрықша. Сол тийкарда, питкериў қанигелик жумысың мақсети жынаят-

---

[4] Абдумажидов Г. Расследование преступлений: (Процессуально-правовые наследование). -Т.: Узбекистан, 1986. -Б.14-25; Рустамбаев М.Х., Никифорова Е.Н. Правоохранительные органы. -Т.: ТДЮИ, 2003. -Б. 357-360; Хидоятов Б.Б. Проблемы регулирования дознания в Республике Узбекистан: Автореф. дис…. канд. юрид. наук. -Т.: 2002. –Б.9-11.; Аҳмедова С.Т. Шаҳар, туман ички ишлар идоралари раҳбар ходимларининг меҳнатини илмий жиҳатдан ташкил этиш муаммолари. // Ҳуқуқ, Право, Law. -1999. -№1. –Б.44.; Карнеева Л.М. Укрепление законности и процессуальная самостоятельность следователя. // Законность. -1988. -№5. –Б.51; Гонтарь И.О. О критериях оценки ОВД в борьбе с преступностью. // Государство и право. -1986. -№9.-Б.87.; Тихомиров С.Н. Психологические особенности профессионального мышления следователей органов внутренних дел. // Следователь. -1998. -№9. –Б.48.; Аҳмедов Б.А. Жиноят ишларини тергов қилиш жараёнида суриштирув органлари билан ҳамкорлик масалалари.// Ҳуқуқ, Право, Law. -2001. -№3. –Б.78.; Иноғомжонова З.Ф. Жиноят процесси. Умумий қисм. –Т.: Янги аср авлоди, 2002. –Б.4.; Савицкий В.М. Прокурорский надзор за дознанием и предварительным следствием. -М.: 1959. –Б.160; Жогин Н.В., Фаткуллин Ф.Н. Возбуждение уголовного дела. -М.:1961. -Б.112-118; Иномжонов Ш. Жиноят процессида далиллар тақдим қилиш ва фойдаланиш муаммолари. -Т.: Адолат, 2003. –Б.57.; Рыжаков А.П. Орган дознания: понятие и проблемы // Юридический мир. - 2002. - № 1. - Б.39-43; Сергеев А.Б. Особенности формирования органов дознания в России // История государства и права. -2002. - № 5. - Б.39-46.; Зажицкий В.М. Использование результатов оперативно-розыскной деятельности./Комментарий к Федеральному закону «Об оперативно-розыскной деятельности» – М.:1997. –Б.108.; ҳ.т.б.

процессуал нызамшылығы бойынша сорастырыў уйымларының ҳуқықый статусын изертлеў, сорастырыўшының ўәкилликлери менен байлынслы болған ҳуқықый нормаларды талқылаў арқалы оларды жетилистириўден ибарат.

Питкериў қәнигелик жумысының мақсетине муўапық, төмендегише **ўазыйпалар** қойылады:

- Өзбекистан Республикасында сорастырыў уйымларының пайда болыў тарийхын көрип шығыў;
- жынаятшылыққа қарсы гүресте сорастырыў органларының әҳмийетин түсиндирип өтиў;
- сорастырыў ҳәм дәслепки тергеў ортасындағы улыўмалықлар ҳәм өзгешеликлерди талқылаў;
- сорастырыў органлары ҳәм олардың тийкарғы ўазыйпаларын көрип шығыў;
- сорастырыўшының процессуал жағдай менен байланыслы мәселелерди ҳуқықый талқылаў;
- сорастырыўды өткериў тәртибин көрип шығыў;
- сорастырыў уйымлары ҳәм сорастырыўшының процессуал жағдайын жәнеде жақсылаў бойынша әмелдеги Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал кодекси нормаларына өзгерис ҳәм қосымшалар киритиў ҳаққында усынıслар келтириў ҳәм оларды илимий тийкарлаў.

**Изертлеў предмети.** Жынаятшылыққа қарсы гүрес алып барыўшы сорастырыў органы ҳәм сорастырыўшының искерлиги, оның басқа органлар менен өз-ара байланысы, олар ортасындағы процессуал қатнасықлар қәнигелик жумысының предмети болып саналады.

**Питкериў қәнигелик жумысының теориялық тийкарлары.** Питкериў қәнигелик жумысы Өзбекстан Республикасы Президентиниң мийнетлерине, Өзбекстан Республикасы Конституциясына, Өзбекстан Республикасы Жынаят кодексине, Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал кодексине, әмелдеги нызамшылыққа ҳәм темаға тийисли болған

арнаўлы әдебиятларға тийкарланған ҳалда исленди.

**Питкериў қәнигелик жумысының дүзилиси.** Питкериў қәнигелик жумысы кирисиўден, еки баптан ҳәм жуўмақлаў бөлиминен ибарат.

Кирисиў бөлиминде илимий истиң актуаллығы, илимий изертленгенлик дәрежеси, истиң мақсет ҳәм ўазыйпалары келтирип өтиледи.

Биринши бап жынаят процессинде сорастырыў органларының тутқан орнына арналып, бул бапта сорастырыў органларының пайда болыў тарийхы, жынаятшылыққа қарсы гүресте сорастырыў органларының роли ҳәм сорастырыў ҳәм дәслепки тергеў ортасындағы улыўмалық ҳәм өзгешеликлер көрип шығылады.

Екинши бап сорастырыў органлары ҳәм жэынаят процессинде сорастырыўшының процессуал жағдайына арналып, бул бапта сорастырыў органларының тийкарғы ўазыйпалары, сорастырыўшының процессуал жағдайы ҳәм сорастырыўды өткериў тәртиби ҳуқықый талқыланады.

# I-БАП. ЖЫНАЯТ ПРОЦЕССИНДЕ СОРАСТЫРЫЎ ОРГАНЛАРЫНЫҢ ТУТҚАН ОРНЫ

## 1.1. Өзбекистан Республикасында сорастырыў уйымларының пайда болыў тарийхы

Түркистан Патша Россиясы тәрепинен басып алыныўынан илгери ҳәзирги Өзбекистан аймағында феодал мәмлекетлер – Қоқан, Хийўа ханлықлары ҳәм Бухара әмирликлери пайда болған. Бул мәмлекетлерде сорастырыў органлары болмаған. Дәслепки тергеў деген түсиник те ол ўақытларда болмаған еди. Суд додалаўы жәбирлениўшиниң арзасына көре басланатуғын еди. Бул ислерде көплеген жағдайларда қурғын тәреплер жеңип шығар еди. Олар қазыға исти өз пайдасына шешиў ушын, муфтийға болса «пайдалы рәўият» ушын үлкен пара берер еди.[5]

Орынларда жынаят исин көрип шығыў менен ҳәким ҳәм беклер(ҳүкимдарлар)диң өзлери, әмелдарлар (феодал мүлкти басқарыўшылар) ҳәм бир қанша байлар шуғылланар еди.

Және де әмелдарлар ҳәм әскерий хызметкерлердиң жынаят ислерин алып барған қазы әскерлери ҳаққында айтып өтиў керек. Буннан тысқары шет еллилердиң жынаят ислерин Қус бегилер (әмир жәрдемшилери) алып барған.[6]

Түркистанның басып алыныўы менен Россияның 1864 жылда қабыл қылынған суд уставы принциплери жүргизиле басланды ҳәм прокурор бақлаўы ҳәм тергеў органлары тәрепинен шөлкемлестирилип барылды. Жынаят ислери еки бағдарда: сорастырыў ҳәм дәслепки тергеў көринислеринде алып барылды.

Сорастырыўды Түркистан Ишки ислер министрлиги қорғаў бөлими әмелдарлары ҳәм айырым қалалардың жандарм-полиция басқармалары әмелге асырады.

[5] Рустамбаев М.Х., Никифорова Е.Н. Правоохранительные органы. -Т.: ТДЮИ, 2003. -Б. 357-360.
[6] Абдумажидов Г. Расследование преступлений: (Процессуально-правовые насследование). -Т.: Узбекистан, 1986. -Б.14-25

1917 жылдағы Октябр көтерилисинен кейин тергеў-юридик бөлими шөлкемлестирилди – бул биринши дәслепки тергеў органы болды, шөлкемлестирилген милиция болса – биринши сорастырыў органы болды. 1925 жылдың 16 июнында ӨзССР Орайлық Орынлаў шөлкеми тәрепинен биринши жынаят процессуал кодекси қабыл қылынды ҳәм бул кодекстиң 8-бабында сорастырыў органлары төмендегилерден ибарат болыўы көрсетилди: милиция ҳәм жынаят қыдырыў органлары, ГПУ органлары, саўда, санитария, техника инспекциясы органлары, мәмлекет шөлкемлери ҳәм өз қолы астындағылардың нызамсыз ҳәрекетлерин бақлайтуғын мәпдар шахслар.

1929 жылдың 1 августынан ӨзССРдың жаңа Жынаят-процессуал кодекси (кейинги орынларда ЖПК) күшке киритилди. Бул кодекс алдынғы ЖПКниң кемшиликлерин сапластырмай, оларды жәнеде асырып жиберди.

1929 жылдағы ЖПКниң 4-бабында мәселе сондай делинеди: «Дәслепки тергеў тергеўшилер, милиция, жынаят-қыдырыў, ГПУ органлары, арнаўлы инспекциялар ҳәм басқа нызамлар менен дәслепки тергеўди алып барыў ўәкиллиги берилген шөлкемлер тәрепинен алып барылады.»

Соның менен бир қатарда жынаят исин алып барыў ҳуқықына төмендегилер ийе болғанлар:

- жәмәәт шөлкемлери, мекемелер ҳәм кәрханалардың юристконсултларын – талан-тараж қылыў, хожалық жумыслары ҳәм мәп ҳаққындағы жынаятлар бойынша ислерди алып барған. Жәмәәт шөлкемлери, мекемелер ҳәм кәрханалардың басшылары қатнасқан ислер буған кирмейди;

– жәмийетлик тексериў комиссияларының басшылары ҳәм ағзалары, Өзбекбирлесиў ҳәм районларара Ўзкооптиң инструкторлары – финанслық-хожалық жүритиў материаллары бойынша;

– Өзбек мәмлекет көтере ҳәм усақлап сатыў саўда системасы трестиниң инструкторлары - финанслық-хожалық жүритиў материаллары бойынша;

– финанслық-бюджет инспекциясы ҳәм РайПО инструкторлары – аўыл

бюджетине болған қаржыларды өзлестириў, растрата қылыў ҳаққындағы ислер бойынша.

Соны айтыў керек, жоқарыда санап өтилген сорастырыў органларының жынаят исин қозғатыў ҳуқықлары шекленген, олар жынаят исин қозғатыў ҳаққындағы қарарларының нусқасын бақлаўшы прокурорға жибериўи ҳәм оннан разылық алыўы керек болған.

1929 жылдағы ЖПКниң мазмунынан сол нәрсе аян болады, бул кодекске көре сорастырыў ҳәм дәслепки тергеў улыўмаластырып жиберилген ҳәм оларға нызам бирдей ўазыйпа бирдей мүддет қойған.

Тергеўши алып барыўы керек болған ислер бойынша ҳәрекетлерди милиция ҳәм жынаят-қыдырыў органлары баслаған. Белгили тергеў ҳәрекетлери өткерилгенинен кейин тергеўшиниң қарарына қарамастан, исти оған өткерген. Ис тергеўге өткерилгенинен кейин бул органлар текғана тергеўшиниң бийлиги менен айырым тергеў ҳәрекетлерин өткериўи мүмкин еди.

Соның менен бир қатарда тергеўши бул ЖПКниң 10-статьясына көре ис толық тергелиўин сорастырыў органына бериў ҳуқықына да ийе болған. Солай етип, 20-жыллардың ақырларына келип, сорастырыў ҳәм тергеў органлары ортасында парық жоғала баслады, себеби тергеўши ҳәм прокурорлар жоқарыдағы ўәкилликлеринен пайдаланып дәслепки тергеў алып барыўды сорастырыў органларына тапсыра баслады.

1934-36 жылларда қабыл қылынған улыўма аўқамлық нызамларына көре дәслепки тергеў ҳәм сорастырыўды алып барыў ўәкиллигине төмендеги органлар да ийе болды:

– Мәмлекет қәўипсизлигин басқарыў органлары – мәмлекетке қарсы ҳәм мәмлекет басқарыў тәртибине қарсы жынаятлар бойынша;

– Өрт қәўипсизлиги органлары – өрттен сақланыў қағыйдаларын бузғанлығы ҳаққындағы жынаятлар бойынша;

– Мәмлекет автомобил инспекциясы органлары – автотранспортта жол ҳәрекети қағыйдаларды бузғанлығы, автоавариялар, транспорттан надурыс

пайдаланғанлығы ҳәм оған көре жынайый бийпәрўа қатнаста болыў, автотранспортта тәртип-интизамды бузыў ҳаққындағы жынаятлар бойынша.

Сорастырыў менен дәслепки тергеў ортасындағы шегара текғана 50-жыллардың ақырларына келип пайда бола баслады. 1959 жылдың 21 майында қабыл қылынған ӨзССРдиң ЖПКда дәслепки тергеў ҳәм сорастырыў органлары ортасында шегаралар, олардың орынлайтуғын ўазыйпалары анық көрсетип берилди. Бул искерликти алып барыўшы органлардың да тәртиби белгилеп қойылды.

Солай етип, тарийхқа нәзер таслап сол нәрсеге амийн болыў мүмкин, дәслепки тергеў ҳәм сорастырыў органлары искерлиги өзин толық ақлаған. Олардың искерлиги ҳәр қандай жәмийет ушын да керек. Дәслепки тергеўди сорастырыў менен алмастырыў мүмкин емес.

Жынаят судлаў исиниң биринши процессуал формасы сыпатында сорастырыўды жоқ қылыў мүмкин емес, себеби сорастырыўда жынаятты ашыў, ескертиў ҳәм оған шаралар көрилиўинде биринши нәўбеттеги кешиктирип болмайтуғын тергеў ҳәрекетлери алып барылады ҳәм бул менен жынаятшылыққа қарсы гүреске, оның ақибетлери ҳәм келтирип шығарыўшыларды жоғалтыўға өзиниң салмақлы үлесин қосады.[7]

## 1.2. Жынаятшылыққа қарсы гүресте сорастырыў органларының роли

Ҳәзирги ўақытта жынаятшылыққа қарсы гүресиўдиң илимий тийкарларын ислеп шығып атырған ҳуқық пәнлери кем-кемнен раўажланып бармақта. Соның менен бирге жынаят процессине тийисли теорияның айырым мәселелери ҳуқық пәнинде ислеп шығылғаны жоқ. Ҳәзирше “сорастырыў” түсиниги ҳәм оны жүритиў ўәкиллигине ийе болған шахслар мәселеси ҳәм басқа базы бир мәселелер процессуалист алымлар ортасында

[7] Хидоятов Б.Б. Проблемы регулирования дознания в Республике Узбекистан: Автореф. дис…. канд. юрид. наук. -Т.: 2002. –Б.9-11.

тартысыўларға себеп болмақта[8]. Жәнe соны да айтыў лазым, көплеген мәмлекетлерде „Милиция ҳаққында” ғы өз алдына нызам қабыл қылынған. Бизде болса сорастырыўдың тийкарғы органы болған милиция органы ҳаққында елеге шекем өз алдына нызам қабыл қылынбаған. Соның өзи көрсетип турыпты,  сорастырыў органлары ҳаққындағы изертлеўлер көп алып барылмаған ҳәм бул тараў үйренилиўи лазым.

Өзбекистан Республикасында ҳәзирги күнде жынаятшылыққа қарсы гүресте нызамлардың анық орынланыўын тәмийинлеў процессинде сорастырыў органларының ҳуқық қорғаўшы басқа органлар менен биргеликтеги бир қатар тәдбирлери нәтийжесинде жынаятшылық динамикасында турақлы жүзеге келди ҳәм унамлы өзгерислер бақланбақта.

Бирақ нызамшылықты беккемлеў ҳәм жынаятшылыққа қарсы гүрести, пуқаралардың конституциялық ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин қорғаў жумысларын шөлкемлестириў қойылып атырған талапларға елеге шекем толық мәниде жуўап бермей атыр. Айырым аймақларда жынаятшылыққа, сол себептен оның жәмлескен формасына, жынаятлардың аўыр ҳәм оғада аўыр түрлерине қарсы гүресте избе-излик көринбейди.

Жынаятшылыққа қарсы гүрес ҳәм оның алдын алыўда унамлы өзгерислерге ерисиў менен бир қатарда қәте ҳәм кемшиликлерге жол қойылмақта. Жынаятлардың алдын алыўға қаратылған ислер еле гөзленген нәтийжени бергени жоқ. Сорастырыўды  билимсиз, сапасыз өткерилиўи, шубалаңшылыққа жол қойыў нызам талапларын қопал рәўиште бузыў, дәлийллер топлаў, оларды тексериў ҳәм беккемлеў жумысларына жүзеки қатнаста болыў, қыя дәлийллерди шеклеп өтиў, гүман қылыныўшы, жәбирлениўшилердиң келтирген тийкарлы ўәжлерин есапқа алмаў жағдайлары да ушырап турады.

Жынаятларды ашыў ҳәм оператив-қыдырыў искерликлеринде кемшиликлер көп. Прокурорлар ИИБда жүритилип атырған бул бағдардағы ҳүжжетлерди тиккелей үйренип, тийисли көрсетпелер бериўине дурыс

---
[8] Саркисянц Г.П. Понятые в уголовном процессе. -Т.: Фан. 1975. –Б.24-32.

келеди.[9]

Соған қарамастан, соңғы жылларда жынаятларды ашыўдың өсиў тенденциясы көзде тутылмақта. Жынаятларды ашыў әмелиятындағы позитив характердеги бағдар соңғы жыллар даўамында мәмлекетимиз тәрепинен сорастырыў ҳәм дәслепки тергеў органларын беккемлеў, жынаятларды табыслы ашыў ҳәм айыпкерлерди анықлаў, оператив-қыдырыў ҳәм тергеў искерлиги кәсип салмағын көтериў ушын әмелге асырылып атырған тәдбирлерди сәўлелендиреди. [10]

Бирақ жынаятларды толық ашыўда кадрлар қурамын жақсылаў ушын шара-тәдбирлер көриў жеткиликли емес, бул мәселелерди табыслы ҳәм толық шешиўди қурамаластырыўшы нормалардың нызамда беккемлеў жолы менен жынаятларды ашыў ҳәм айыпкерлерди анықлаўға кесент қылмаслық та әҳмийетли орын тутады.

Бизге белгили, ҳәзирги ўақытта сорастырыў ҳәм оператив-қыдырыў жумыслары, сондай-ақ прокурор бақлаўының жынаятларды ашыўдағы жетискенлигин есаплаў ушын жынаятшылықтың жағдайы ҳәм оны ашыў динамикасының көрсеткишлеринен пайдаланылады.

1988 жылдың 1 январына шекем ишки ислер органларының жынаятларды ашыўдағы искерлиги жынаят ислеген шахсларға дағаза қылынған айыплаў арқалы баҳаланған. Жынаятларды ашыўдың бундай өлшемлери пуқараларды жынайый жуўапкершиликке тартыўда нызам талапларының орынланыўына имкан бермейди. Жынаятларды ашыўда жақсы көрсеткишлерге ерисиў ушын көбинесе айыплаў жетерли тийкарлар ҳәм дәлийллерге ийе болмастан, оператив түрде дағаза қылынар еди. Бул болса, әлбетте пуқаралардың ҳуқық ҳәм нызамлы мәплериниң бузылыўына алып келер еди.

Кейин ала жынаятларды ашыўдың мазмуны өзгертирилип, жынаят исиниң жүритилиўи тамамланған ҳәм прокурор тәрепинен айыплаў

---

[9] Ўзбекистон Республикаси Бош прокурорининг амалдаги буйруқлари, кўрсатмалари, низом ва йўриқномалари тўплами. -Т.: 1999. –Б.92.

[10] Аҳмедова С.Т. Шаҳар, туман ички ишлар идоралари раҳбар ходимларининг меҳнатини илмий жиҳатдан ташкил этиш муаммолари. // Ҳуқуқ, Право, Law. -1999. -№1. –Б.44.

жуўмақлаўшы тастыйықланған яки нызамда көрсетилген тийкарларға көре ис тоқтатылған ўақыттан баслап жынаят иси ашылған деп қаралатуғын болды. Жынаятларды ашыўға болған бундай көз қараслар дерлик өзгериссиз сақлап қалынды, себеби бир қараўдан жүдә үлкен көлемдеги дәлийллерди топлаў, көрип шығыў, оларды тексериўге қосымша ўақыт берилиў нызамшылыққа қосымша кепилликлер бериў имканын береди. Тән алыў керек, бул өзгерислер жынаятларды ашыўдың баҳалаў критериясы мазмунына, яғный олардың санлы сәўлелениўине тәсир көрсетпеди. Пикиримизше, әмелдеги жынаятларды ашыў бойынша сорастырыў искерлигин пайыз көрсеткишлери арқалы сәўлелендириў системасы мақсетке муўапық емес ҳәм оннан бас тартыў лазым. Көрилип атырған искерлик ислеп шығарыў процесси болмағаны ушын оны санлар, пайызлар ҳәм соған уқсас көрсеткишлер менен өлшеў мүмкин емес.

Соның менен бирге, әмелдеги жынаятларды ашыў көрсеткишлери формасын ҳуқық қорғаў органлары искерлигин баҳалаў критерияларынан шығарып таслаўды усынып атырған бир қатар авторлардың пикирлерин орынлы деп есаплаймыз.[11]

Жынаятты ашыўды тар ҳәм кең мәниде түсиниў мүмкин. Кең мәниде усы жынаят иси бойынша дәлийиллеў предметин кураўшы бәрше шәраятлардың анықланыўын өз ишине алса, тар мәниде жынаят ҳәдийсесин ҳәм оны ислеўде айыпкер шахсларды, яғный ЖПКниң 82-статьясы 1 ҳәм 2-бөлимлеринде көрсетилген жағдайларды анықлаўдан ибарат. Соның ушын айырым алымлар, дәлийиллениўи лазым болған жағдайлардың анықланыўынан баслап пүткил ис бойынша дәлийиллеў предметине шекем жынаяттың ашылыўы[12] деп есапласа, басқалары жынаяттың ашылыўы дегенде айыпкер шахсларды жынайый жуўапкершиликке тартыў, оларды жазалаў, айыпланыўшыларды қыдырыў ҳәм оларға ықтыят шараларын

---

[11] Қаранг: Карнеева Л.М. Укрепление законности и процессуальная самостоятельность следователя. // Законность. -1988. -№5. –Б.51; Гонтарь И.О. О критериях оценки ОВД в борьбе с преступностью. // Государство и право. -1986. -№9.-Б.87.

[12] Қаранг: Тихомиров С.Н. Психологические особенности профессионального мышления следователей органов внутренних дел. // Следователь. -1998. -№9. –Б.48.

қоллаўды нәзерде тутады.[13] Бул болса әмелиятта жынаяттың ашылыўы менен байланыслы болған процессуал ўақытты анықлаўда түсинбеўшиликлерди келтирип шығарады. Айырым жағдайларда жынаяттың ашылыўы шахс айыпланыўшы сыпатында иске тартылған, басқаларында – дәслепки тергеў тамамланған ўақыттан баслап белгиленеди.

Оператив-қыдырыў искерлиги дәлийллерди алыў қуралы есапланбайды ҳәм соның ушын ол жәрдемши, жәрдемши характерде болыўы керек, бул искерлик нәтийжесинде табылған мағлыўматлардан дәлийл сыпатында текғана бир шәрт пенен, яғный олар нызамда анық көрсетилген дереклерден алынғанында ғана пайдаланылыўы мүмкин (ЖПКниң 81-статьясы 2-бөлими). Тилекке қарсы, әмелиятта сорастырыў ҳәм дәслепки тергеў ортасындағы өз-ара байланыстың процессуал тәртибине бойсынылмайды, әхмийетине көре жарамсыз болған бундай лабиринт жынаятшылықтың өсиўиниң алдын алыў ушын таңланған моделдиң мақсетке муўапық емеслигинен дерек береди.[14] Ақыбетте жынаят исин жүритиў искерлигинде түрли келиспеўшиликлер келип шығыўы мүмкин.

Криминологиялық жағдай болса қыдырыў ҳәм тергеў ҳәрекетлерин бирлестириўди көрсетпекте. Кери жағдайда жынаятшылыққа қарсы гүрес шаралары «жынаятлардың ашылыўының өсиўине»[15] айланыўы мүмкин.

Жынаятларды ашыў менен процессуал нызам ҳүжжетлериниң ўазыйпаларынан бири болған «жынаятларды тез ҳәм толық ашыў, жынаят ислеген ҳәр бир шахсқа әдил жаза берилиўи» ортасында байланыс барлығы анық. Жынаят процессин жынаят иси бойынша ис жүритилиўиниң раўажланыўы[16] деп аталыўы бийкар емес. Бәрше ис жүритиўлер сыяқлы, тергеў ҳәм суд талықлаўы да кадрлардан, материаллық ҳәм басқа ресурслардан пайдаланыў менен байланыслы. Жәмийет тәрепинен

---

[13] Карагодин В.Н.Следователь как субъект управления. –Иркутск: 1998. –Б.54; Фунтиков В.Л. Уголовно-процессуальная деятельность следственных органов и ее роль в процессе осуществления судебной реформы. // Следователь. -1998. -№9. –Б.48.

[14] Аҳмедов Б.А. Жиноят ишларини тергов қилиш жараёнида суриштирув органлари билан ҳамкорлик масалалари.// Ҳуқуқ, Право, Law. -2001. -№3. –Б.78.

[15] Статкус В.Ф. Раскрытие преступлений – важнейшее средство борьбы с преступностью. // Государство и право. -1998. -№9. –Б.67.

[16] Иноғомжонова З.Ф. Жиноят процесси. Умумий қисм. –Т.: Янги аср авлоди, 2002. –Б.4.

ажыратылатуғын бул ресурслардың да өз шегарасы бар.

В.И.Радченконың «жынаятшыны қыдырыў – бул оператив-қыдырыў хызметиниң, айырым жағдайларда тергеўшиниң ўазыйпасы, лекин прокурордың емес»[17] деген орынлы пикири ҳәзирги заман шәраятында сорастырыўдың оперативлик машқалаларын шешиў актуал мәселе екенлигинен дерек береди. Бас прокурордың, ИИМниң тийисли буйрықларына мүрәжәт етиў жетерли – оларда турақлы машқалалы фактлер көрсетилген: жынаятшыны анықлаўға, оның айыбын дәлийиллеўге, жынаятларды ашыўға ҳеш қандай тәсир көрсетпейтуғын тамамланған ислер пайзының үлкенлиги солар қатарынан.[18]

Жынаят процессиниң дәслепки басқышларында жынаяттың характери, түри, оның квалификациясы, жынаятшы шахсының өзгеше белгилери ҳаққында толық ҳәм анық мағлыўматларды алыўдың имканы болмайды. Сол себепли усы басқышта дүзилген есабатлар тийкарында шығарылған жуўмақлар, қағыйдаға көре, тамамланбаған характерде болады. Тек ғана ис бойынша ҳүким шығарыўдың соңғы дәўириндеги дәслепки тергеў ҳәм суд талықлаўында бир неше рет тексерилген жынаят ҳәмде жынаятшы ҳаққындағы мағлыўматлар жоқары исеним дәрежесине ийе болып, бизди ҳақыйқатқа жақынластырады. Мине соның ушын да жынаятшылық ҳәмде жынаят ислеген шахслардың есабы, бизиң пикиримизше, нызамлы күшке ҳүкимлер тийкарында алып барылыўы керек ҳәм соны рәсмий, мәмлекетлик статистикасы деп есаплаў мүмкин.

Солай етип, жынаятларды ашыў ҳәм жынаятшылықтың жағдайын есапқа алыў системасы терең қайта көрип шығыў зәрүриятын туўдырды. Бул биринши нәўбетте әмелге асырылыўы лазым болған ўазыйпалардан бири есапланады, себеби ол ҳуқық қорғаў органлары искерлигиниң бәрше тараўларын қамтып алады ҳәм тийкарынан жынаятшылыққа қарсы гүрес жетисkенлигин сәўлелендириўши критерия ҳәм көрсеткишлер менен

---

[17] Радченко В.И. Судебная реформа в России. // Государство и право. -1999. -№1. –Б.69.
[18] Бу тўғрида қаранг: Ўзбекистон Республикаси Бош прокурорининг амалдаги буйруқлари, кўрсатмалари, низом ва йўриқномалари тўплами. –Т.: 1999.-Б.14-22.

узликсиз байланыслы болып табылады. Ҳәзирги рәсмий статистика жетик емес екенлигиниң себеплеринен бири ИИМде илимий тийкарланған жынаятшылықтың жағдайы ҳәм жынаятларды ашыў көрсеткишлери ҳәм критерияларының жоқлығы. Жынаят статистикасы мағлыўматларын компьютер технологиялары ҳәм методологиялары тийкарында топлаў, жыйнаў, қайта ислеў ҳәм талықлаў жүзесинен принципиал тәрептен жаңа системаның дүзилиўи жынаятларды ашыўдың басланғыш дәўириндеги нәтийжелерге тийкарланып, түрли жынаят-процессуал басқышларда тергеў органларының активлигин анықлаў имканын береди: 1) жүз берген ҳәдийседен баслап ол ҳаққында мағлыўмат алынып, жынайый гүзетиў қозғатылғанша (бул сорастырыў органларының агентура-оператив мағлыўматларына ийе екенлиги нәтийжелигин баҳалаў имканын берип, илгери ҳеш қолланылмаған); 2) жынайый гүзетиў қозғатылыўынан баслап гүманды дәлийиллеў базаларының түрлениўине шекем; 3) исти судқа асырыўдан баслап суд талықлаўына шекем; 4) суд талықлаўынан баслап ҳүким шығарылыўына шекем; 5) ҳүким шығарылыўынан баслап санап өтилген ҳәр бир басқышта жынаятты ашыў нәтийжелерине жуўмақлаўшы баҳа берилетуғын ҳүкмниң нызамлы күшке кирисиўине шекем.

Бул тек ғана исленген жынаятлар санын емес, бәлким қандай жынаят исленгени, қанша шахс жынайый жуўапкершиликке тартылғанын, сондай-ақ қанша жынаят иси тергеў, суд тәрепинен қайта көрип шығылғанын, қанша адам судланғаны ҳәм қаншасы ақланғанын анық белгилеў, және де жәбирлениўшилер ҳаққында толық мағлыўматлар алыў имканын берген болар еди. Мәниси бойынша, жоқарыдағы көрсеткишлер ислердиң ҳақыйқый жағдайы, тергеўдиң сапасы, анығырағы жынаят ҳәм жынаят-процессуал нызамшылық талапларына әмел қылыныўы, ислердиң тергеўде нызамбузылыў жағдайларының жоқлығын көрсетеди. Бирақ ҳуқық қорғаў органлары искерлигин баҳалаўдың жаңа, тийкарланған ҳәм ҳақыйқатты сәўлелендириўши көрсеткиш ҳәм критерияларын еңгизиў менен шәраятты унамлы тәрепке өзгертиў қыйын. Әўелембар, жынаятшылықтың өсиўин,

соның менен бирге жынайый әдиллик органлары тәрепинен шахстың нызамлы ҳуқықларына тиккелей бойсынған шәраятта жынаятларды ашыў дәрежеси объектив тәризде жоқары болмаўын тән алыў керек.

Демек, сорастырыў органларының жынаятларды ашыў ҳәм тергеўдеги бирден-бир мақсети ҳақыйқатты көрсетиў болып табылады. Олардан болса, анықланған ҳәр бир жынаят иси бойынша өз имканиятларынан келип шыққан жағдайда ҳақыйқатты анықлаў ушын бәрше шаралар көрилгенлиги ҳаққында сораў керек. Нызам, оның әмелияты, жәмийетте жүз беретуғын ҳәр қандай тартыс, әсиресе жынайый қылмыс бойынша қарарлардың да әдил болыўына ерисиў халық тынышлығының әҳмийетли кепили болып табылады.

Сорастырыўдың ҳәр тәреплеме, толық ҳәм қалыс болыўын тәмийинлеў ҳаққындағы нызам талапларының орынланыўын, пуқаралардың Конституция менен кепилленген шахс ҳәм турар жайлары қол қатылмаслығын, айыпланыўшылардың қорғаныў ҳуқықларын тәмийинлеў барысында прокурор, тергеўши ҳәм сорастырыў органлары хызметкерлериниң айрықша жуўапкершилик пенен қараўы керек. Нызамды қастан ҳәр қандай жағдайда шеклеп өтиўге, инсан ҳуқықларының бузылыўына жол қойылмайды.

## 1.3. Сорастырыў ҳәм дәслепки тергеў ортасындағы улыўмалықлар ҳәм өзгешеликлер

Тиккелей сорастырыў түсиниги ҳаққында пикир жүритиўден алдын, “сорастырыў” сөзиниң мазмунын анықлап алыў керек. Бул сөз әпиўайы халық арасындағы байланыста қандайда бир нәрсе ҳаққында сорап-билип алыўды, сондай екенлигине исеним пайда етиўди аңлатады. Сорастырыў юридикалық мәниде болса, жынаят ислерин тергеўдиң өзгеше бир формасын аңлатады.

Сорастырыў процессуал нызамларда белгиленген ўәкиллиги бар мәмлекет органлары тәрепинен әмелге асырылады. Бул мәмлекет

органларының системасы жынаят-процессуал нызамда көрсетилген.

Жынаяттың белгилери бар болса сорастырыў органы жынаят исин қозғатады ҳәм жынаят-процессуал нызам нормаларына бойсынған ҳалда, жынаяттың излерин анықлаў, оларды беккемлеў жүзесинен кешиктирип болмайтуғын тергеў ҳәрекетлерин әмелге асырады.

Сорастырыў искерлиги дәслепки тергеўге жәрдем бериўши ҳәрекетлер системасынан ибарат болып, бунда тиккелей дәслепки тергеў алдына қойылған ўазыйпаларды әмелге асырыўға жәрдем береди. Сорастырыўда оператив-қыдырыў ҳәрекетлери әмелге асырылады ҳәм бул ҳәрекетлер нәтийжесинде алынған мағлыўматлар тергеўди алып барыў ушын хызмет қылады. «Оператив-қыдырыў искерлиги нәтийжелери иске қосып қойылмаса, дәлийл болып хызмет қылмаса да, олардан тергеў версияларын илгери сүриўде, тергеўдиң бағдарын белгилеўде ҳәм оны режелестириўде пайдаланыў мүмкин».[19]

Сорастырыў искерлигинде процессуал нызамларға бойсынған ҳалда, бәрше кешиктирип болмайтуғын тергеў ҳәрекетлери әмелге асырылады. Соны айтып өтиў керек сорастырыў искерлиги дәслепки тергеў искерлигине бойсынады ҳәм оның алдында жуўапкер есапланады.

Сорастырыў искерлиги, зәрүр жағдайларда, әсиресе гүман қылыныўшылар, айыпланыўшыларды қыдырыў, жынаят ислеўде гүман қылыныўшыларды услап турыў ҳәрекетлери тергеў, оператив - қыдырыў шаралары менен ҳәмде тийисли техник қуралларды қоллаў менен биргеликте өткерилиўи мүмкин.

Сорастырыў органлары жынаят себепли жеткизилген материаллық зыянды қаплаўды тәмийинлеў мақсетинде белгили бир тергеў ҳәрекетлерин, сол қатардан, тинтиў, алып қойыў, мүлкти хатлаў, усы мәселелерге тийисли сораў алып барыўды әмелге асырыўға ҳақлы.

Сорастырыў мүддети даўамында сорастырыўшы шахс иске зәрүр болған ҳәр қандай кешиктирип болмайтуғын тергеў ҳәрекетлерин нызам

---

[19] Абдумаджидов Г. Проблемы совершенствования предварительного расследования. -Т.: Фан, 1975. –Б.9.

талаплары тийкарында өткериуге ҳақлы, зәрүр жағдайларда оперативқыдырыў ҳәрекетлерин ҳам әмелге асырыўы мүмкин. Сорастырыў он суткада тамамланбаса, бул жағдайда ол тергеў процесси менен алмасады. Кейин ала тергеў сорастырыў үлгермеген тергеў ҳәрекетлерин ҳәм басқа ҳәрекетлерди өткериў, әмелге асырыў мәжбүриятына ийе болады.

Сорастырыўдың мүддети үстинен бақлаў сорастырыў, тергеў органының баслығы, тергеўши ҳәм прокурорға жүклетиледи. Сорастырыў жумысларын тоқтатып қойыў да нәзерде тутылған. Мәселен, узақ мүддетли теңиз жүзиўлеринде, қыс мәўсиминен өтиў процесслеринде сорастырыўды жүргизип атырған шахс тәрепинен тоқталыўы мүмкин.

Буннан тысқары тергеў органының сорастырыў органынан аймақлық жақтан асыста жайласқанлығы, сонлықтан сорастырыў органы ис жүзесинен материалларды тергеў органына ўақтында тапсыра алмаслығы да жынаят исин тоқтатып турыўға себеп болыўы мүмкин.

Тергеўшиге жынаят исиниң өткерилиўи сорастырыўдың тамамланғанлығын аңлатады. Өзбекистан Республикасы ЖПКниң 342-статьясында сорастырыў жумысларын алып барыў мүддети тамамланбастан, сорастырыўшы исти дәрҳал тергеўшиге өткериўи лазым болған жағдайларда көрсетилген:

– сорастырыўшы тәрепинен аўыр ҳәм оғада аўыр жынаят анықланған болса;

– белгили бир шахсты айыпланыўшы сыпатында исте қатнасыў ушын тийкарлы себеплер анықланған болса;

– исти тамамлаў ушын тийкарлы себеплер анықланған болса;

– тергеўши исти өзи алып барыўын талап қылған болса.

Сорастырыў ўақтында аўыр ҳәм оғада аўыр жынаят исленгенлиги анықланып қалғандай болса, сорастырыўшы исти тергеўшиге өткериў ҳаққында қарар қабыл қылады ҳәм бул қарарды тийкарлаў ушын жынаяттың тәрийпин береди. Егер белгили бир тергеў ҳәрекетлерин тезлик пенен өткериў керек болса, сорастырыўшы тергеўшиге бул мәселеде жәрдем

береди, тергеўшиниң бәрше тапсырмаларын өз ўақтында әмелге асырыўды тәмийинлейди. Сорастырыўшы  исти тергеў ҳаққындағы қарарында, усы жағдайға себеп болған тийкарларды, мәселен ЖПКниң 83-84 статьяларындағы тийкарларды көрсетиўи лазым болады. Айырым ўақытларда болса бул тийкарлар қандай жағдайлар менен байланыслылығын да көрсетиў мүмкин.

Дәслепки тергеўдиң “дәслепки” деп аталыўының себеби сонда, ол көбинесе  истиң судта  қаралыўы даўамында алып барылатуғын тергеўден алдын әмелге асырылады. Басқаша қылып айтқанда, ол “судқа шекем” ҳәм “суд ушын” әмелге асырылады.

Усы ўақытта, суд дәслепки тергеў даўамында сорастырыўшы яки тергеўши шығарған жуўмақларға байланыслы емес, суд бар дәлийллерге басқаша баҳа бериўи, қосымша дәлийллерди тексерип көриўи мүмкин. Бирақ бул жағдай сорастырыўшы, тергеўши, прокурор шығарған жуўмақлар дәслепки тәризде шығарылған жуўмақлар деген пикирди билдирмеўи керек. Сорастырыўшы да, тергеўши ҳәм прокурор да өзлери шығарған жуўмақларының дурыслығына толық исенген болыўы ҳәм олардың бул жуўмақлары жынаят процессиниң усы басқышы ушын үзил-кесил жуўмақлар екенлигин дурыс аңлап жетиўи керек.

Тергеўши яки тергеў органы дегенде прокуратура, миллий қәўипсизлик хызмети ҳәм ишки ислер органлары тергеўшилери нәзерде тутылады. Бул шахслардың тийкарғы ўазыйпасы – өз тергеўине тийисли болған жынаятларды тергеў, айыпланыўшыны әшкар етиў, жынаяттыңислениўине себеп болған шәрт-шәраятларды анықлаў, жынаятшылықтың алдын алыў жүзесинен улыўмаластырылған профилактика шараларын ислеп шығыў ҳәм басқалардан ибарат. Жынаят иси бойынша мағлыўматлар тергеўшиниң өзи тәрепинен қабыл қылынған жағдайда да, тергеўши жынаят иси қозғатыўы мүмкин. Бул жағдайда ол жынаят исин қозғатыў ҳаққында қарар шығарады ҳәм сол исти жүритиўге қабыл қылады. Оның шығарған қарары тийкарынан жынаят процессиниң еки басқышын өз ишине

қамтыйды:

– жынаят иси қозғатыў басқышын өз ишине алатуғын жынаят иси қозғатыў ҳаққындағы қарар;

– дәслепки тергеў басқышын өз ишине алатуғын исти жүритиўге қабыл қылыўы ҳаққындағы қарар.

Дәслепки тергеў басқышында жынаят процессиниң әҳмийетли принциплери болған жуўапкершиликтиң ҳәм жазаның анық бар болыўы, ис жағдайларын ҳәр тәреплеме, толық ҳәм қалыс түрде үйренип шығыў, айыпкерди анықлаў ҳәм нызамның дурыс қолланыўына ерисиў, айыпсыз шахстың жуўапкершиликке тартылыўына жол қоймаў, жынаят арқалы жеткизилген зыянды өндириў, жынаяттың islениўине фактор болған себеп ҳәм шәраятларды анықлаў, пуқараларды нызамға бойсыныўшылық руўхында тәрбиялаў жумыслары әмелге асырылады.

Тергеўши жынаят иси қозғаьтқанлығы ҳаққында дәрҳал прокурорға хабар бериўи лазым. Тергеўши прокурор басшылығы ҳәм бақлаўы астында ҳәрекет қылады, деген менен бул ҳәрекетлерди өз ишки исенимине тийкарланып ҳәм жуўапкершиликти мойнына алып, ғәрезсиз түрде орынлайды. Соның ушын прокурордың жынаят исин алып барыў ҳаққында берген көрсетпелери сөзсиз буйрық сыпатында қабыл етилмеўи лазым. Тергеўшилер мәмлекетке қарсы жынаятлар, мәмлекет ҳәм жәмәәт мүлкин талан-тараж қылыў, адам өлтириў, аўыр тән жарақатларын жеткизиў, намысқа тийиў, мәпдарлық жынаятлары ҳәм бир қатар басқа жынаят ислери үстинен тергеў жумысларын алып барыўға ҳақлы.

Айырым алымлардың пикирине көре, «прокуратура органлары тергеўшилеринен парықлы түрде, ИИМ, миллий қәўипсизлик ҳәм салық органлары тергеўшилериниң ўәкилликлери шекленген болып, олар жынайый ис қозғатыў жүзесинен текғана өз хызмет ўәкилликлери шегарасында болған ислер менен жетерли»[20]. Миллий қәўипсизлик хызмети тергеўшилери мәмлекетке қарсы жынаятлар ҳаққындағы мағлыўматлар менен танысып

[20] Тетерин Б.С.,Трошкин Е.З. Возбуждение и расследование уголовных дел. -М.: 1997. -Б.8.

шығып, жынаят исин қозғатыў мәселесин шешеди. Буларға төмендеги аўыр жынаятлар киреди: мәмлекетке қыянет, террористик акт, шет елдиң ўәкилине қарата террор, диверсия (қопарыўшылық) акти, улыўмалық тәртипсизликлер ҳәм басқалар. Егерде Мәмлекет қәўипсизлиги комитети тергеўшисине басқа жынаятлар ҳаққында хабар қылынса, бундай хабарларды ол тийисли органға жибериў менен жетерли болып табылады.

Тергеўши тәрепинен жынаят исин қозғатыў көп жағдайларда унамлы нәтийжелер бериўи мүмкин. Мәселен, Яккасарой районы ишки ислер бөлими тергеўшиси тәрепинен қастан адам өлтириў жынаяты жүзесинен ис қозғатылды ҳәм бул ҳаққында район прокурорына хабар берилди. Оператив ҳәрекет қылыў нәтийжесинде жынаят исленген орын тексерилди, кийимлер алынды, жынаятшы усланды. Тергеўшиниң тезлик пенен қабыл қылған қарары нәтийжесинде излер жоқ болмастан алдын, пайыттан пайдаланып жынаят иси анықланды. Бунда район ишки ислер бөлими тергеўшисиниң жынаят исин қозғатқанлығы жынаят-процессуал нызамды бузыў болып есапланбайды, себеби жынаят процесси қатнасыўшыларынан бирде-биреўиниң ҳуқықлары шекленбеди.

Тергеўши де жынаят иси қозғатыў мәжбүриятына ийе болғанынан кейин жынаят белгилерин қыдырыў шараларын көриўи керек. Демек тергеўши де қыдырыў жумысларын әмелге асырыўы лазым. «Тергеў менен қыдырыў бир-бирине карама-қарсы функциялар болып, оларды бир субъект әмелге асырыўы мүмкин емес».[21]

Нызам талапларын орынлаў ушын тергеўши жынаят белгилерин қыдырып, жүдә көп ўақтын босқа өткериўи мүмкин. Бәрше берилген шағым ҳәм арзалар тексерилгеннен кеийн, жынаят иси қозғатылады деп айтыў қыйын. Буннан тысқары көп ислер жәмәәт тәсир шараларын қоллаў ушын жибериледи. «Булардың барлығы тергеўшини шалғытады, қол астындағы ислерди өз ўақтында жуўмақлаўға кесент береди, ең әҳмийетлиси жынаят

---

[21] Зажицкий В.И. Правовая регламентация деятельности по обнаружению признаков преступления. // Правоведение. -1992. -№4. –Б.106.

ислерин нызам тийкарында тергеўине тәсир қылады.»[22]

Айырым жағдайларда тергеў органлары жумысларында да айырым кемшиликлер көзге тасланады. «Тергеўди зорлық пенен алып барыў, яғный алдыннан қамаққа алып, жәмийеттен ажыратып, кейин оның айыбын дәлийиллеўге кирисиўиндей өткен заманнан қалған унамсыз тәжирийбеге бүгинги күнге шекем жоқ етилмеген».[23]

2001 жыл июнь айында Президентимиздиң көрсетпелери менен тергеў қамақханалары тексерилгенде жәмийет ушын қәўипли болмаған жынаятларды ислеген, илгери судланбаған ҳәм ҳәттеки жеткизилген материаллық зыянды толық қаплаған шахслар суд мәжилиси болыўын күтип, айлап қамақта сақланған. Көрилген шара-тәдбирлер нәтийжесинде еки мыңнан артық шахслар азат етилди.

Дәслепки тергеў жынаят процессиниң әҳмийетли басқышы есапланады. Дәслепки тергеў бул - ўәкиллиги бар мәмлекет органларының тийисли мәпдар шахслары, яғный тергеўшилер тәрепинен Өзбекистан Республикасы жынаят процессуал нызамшылығына сақлаған ҳалда әмелге асырылатуғын, жынаятты ислеўде айыпкерди анықлаў ҳәмде жынаяттың исрениўине алып келген жағдайлар ҳәм шәраятларды, себеплерди анықлаўға қаратылған арнаўлы искерлик болып табылады.

Тергеўши ҳәм сорастырыў органының жынаятларды тергеўдеги өз-ара ҳәрекетлери нызам ҳәм нызам асты ҳүжжетлери ҳәм белгиленген формалар тийкарында әмелге асырылады. Бундай биргеликте келисилген искерликти әмелге асырыўда ҳәмде тергеў ҳәм сорастырыў органлары хызметкерлери ортасында анық мүнәсибетти тәмийинлеўде зәрүр әхмийетке ийе. Өз-ара ҳәрекет формаларының еки түри бар: процессуал ҳәм шөлкемлесиўши. Өз-ара ҳәрекеттиң процессуал формасы тиккелей жынаят-процессуал нызамда көрсетилген:

1. Тергеўшиниң тапсырмасына көре сорастырыў органлары тәрепинен тергеў ҳәм қыдырыў ҳәрекетлерин орынлаў;

---

[22] Савицкий В.М. Прокурорский надзор за дознанием и предварительным следствием. -М.: 1959. –Б.160.
[23] Каримов И.А. Адолат – қонун устуворлигида. // Қонун ҳимоясида. -2001. -№9. –Б.7.

2. Тергеўши тәрепинен тергеў ҳәрекетлерин жүритиўде сорастырыў органларын тартыў;

3. Тергеўшиниң қарарын сорастырыў органлары тәрепинен орынланыўының мәжбүрийлиги;

4. Сорастырыў органлары тергеўши талабына муўапық танысып шығыў яки жынаят исине қосып қойыў ушын ҳүжжетлер ҳәм басқа материалларды тапсырыўы (ЖПКниң 264-343-статьялары).

Өз-ара ҳәрекеттиң шөлкемлескен формасы жынаят процессуал нызамда көрсетилмеген. Ол жынаятларды тергеўдеги өз-ара ҳәрекетти әмелге асырыў процессинде жүзеге келеди ҳәм жынаятты тергеў даўамында тергеўши менен сорастырыў органы хызметкерлериниң түрли қатнасларын белгилейди. Бундай мүнәсибетлер процессуал нызам тийкарында әмелге асырылады, әмелиятта төмендеги өз-ара ҳәрекеттиң шөлкемлескен формаларынан пайдаланылады:

1. Ҳәдийсе жүз берген орынға тергеўши ҳәм сорастырыў хызметкерлериниң биргеликте шығыўы;

2. Тергеўшиниң сорастырыў органына аўыр яки оғада аўыр жынаят ҳаққында мәлим етиўи;

3. Аўыр ҳәм қурамалы ислерде тергеўши тәрепинен лператив топарлардың дүзилиўи;

4. Тергеў ҳәм оператив-қыдырыў ҳәрекетлерин келисип режелестириў;

5. Жынаятларды тергеўде мағлыўматлар арқалы өз-ара пикир алмасыў;

6. Жынаяттың алдын алыў ҳәрекетлерин өткериў, халық арасында түсиндириў жумысларын алып барыў.

Тергеўши сорастырыў органына тапсырмалар бериўде сорастырыўшының ўәкилликлерин итибарға алыўы лазым. ЖПКде қандай тергеў ҳәрекетлерин сорастырыў органы хызметкерлерине тапсырыў мүмкинлиги көрсетилмеген.

Тиккелей жынаят исленген орындағы өз-ара ҳәрекетлер төмендеги тәризде дүзиледи: оператив-тергеў топарының баслығы тергеўши менен келисип, ҳәдийсе исленген орынды көзден кеширеди. Сорастырыўшы гуўаларды анықлайды, излер бойынша жынаятшыларды қыдырыўды шөлкемлестиреди. Усындай жағдайлар анықланғанда, жынаятшы услап турылады. Сорастырыў органының хызметкери өз ўазыйпаларын орынлаў процессинде тергеўши, участка хызметкери ҳәм басқалар менен өз-ара байланыста ҳәрекет қылыўы керек.

Дәслепки тергеў басланыўы ушын ис жүзесинен жынаят иси қозғатылған болыўы керек,  жынаят исиниң қозғатылғанлығы тергеўши ушын тергеў ҳәрекетлерин баслаўға юридикалық тийкар болып хызмет қылады. Жынаят иси тергеўши тәрепинен қозғатылыўынан тысқары, сорастырыў органы, прокурор ҳәм суд тәрепинен де қозғатылған болыўы мүмкин. Бул жағдайда, яғный  жынаят иси  басқа орган  тәрепинен қозғатып болынған болса, тергеўши исти сол органнан жүритиў ушын қабыл қылғанлығы ҳаққында қарар шығарады. Қарардың нусқасы бир сутка ишинде тергеў үстинен бақлап атырған прокурорға жибериледи.

Соны айтыў керек, дәслепки тергеў алып атырған тергеўшиге, әмелдеги жынаят процессуал нызамшылық бир қатар кең ҳуқықларды берген, бул ҳуқықлар тергеўшиниң жынаят процессинде ғәрезсиз ҳәрекет қылыўын тәмийинлеўге қаратылған: жынаят исин қозғаў ҳаққында қарар шығарыў; жынаят исин тергеў; жынаят исин қозғатыўдан бас тартыў; ис жүзесинен гүман қылыныўшыны услаў; ықтыят шарасын таңлаў; сорастырыў органларына түрли тапсырмалар бериў; жынаят иси бойынша айыпланыўшы сыпатында иске тартыў; айып дағаза қылыў; экспертиза тайынлаў; айыплаў жуўмағын жазыў, тергеў ҳәрекетлерин жүритиўди тамамлаў, тоқтатыў ҳәм басқалар.

Тергеўши  өз алып барып атырған жынаят иси бойынша қабыл қылған ҳәр қандай қарарын нызамға тийкарланған ҳалда шығарады, усы ўақытты ол өзиниң билими ҳәм тәжирийбеси тийкарында дүзилген, ишки исенимине де

таянады.

Тергеўши сорастырыў органларына өзи тергеп атырған ис жүзесинен белгили бир тергеў яки қыдырыў жумысларын өткериў жүзесинен тапсырмалар, көрсетпелер бериўи мүмкин. Бул тапсырма ҳәм көрсетпелердиң формасы, әлбетте, жазба формада, белгиленген талапларға жуўап беретуғын жағдайда болыўы керек, себеби тергеўшиниң бул тапсырмалары сорастырыў органы ушын мәжбүрий есапланады.

Тергеўшиниң тапсырмалары, көрсетпелери ҳәм талапларының сорастырыўшы тәрепинен орынланыўы тәртиби ҳәм тийкарлары, мүддети Өзбекистан Республикасы ЖПКниң 343-статьясында көрсетип өтилген.

Сорастырыўшы тергеўшиниң тергеў ҳәм қыдырыў ҳәрекетлерин орынлаў ҳаққындағы тапсырмалары көрсетилген шәртлер, тәртип ҳәм мүддетке имканы барынша сақлаған жағдайда орынлаўы керек.

Тапсырманың қурамалылығы себепли, сорастырыўшы оны өз ўақтында орынлай алмаса, бул ҳаққында тергеўшини хабардар қылыўы лазым. Бул жағдайда сорастырыўшы тергеўшиден берилген тапсырманы орынлаў мүддетин узайтыў яки оны орынлаўдың шәртлерин ҳәм усылларын өзгерттириўди илтимас қылыўы мүмкин.

Сорастырыўшыдан илтимаснаманы алған тергеўши оны көрип шыққаннан соң, тапсырманы қайта дизимнен өткизеди, жаңа мүддетти, орынлаўдың усылларын өзгерткен болса, сондай жағдайларды белгилеп өтеди.

Тергеўши, белгили бир тергеў ҳәрекетлерин өткериў ушын сорастырыўшыны тартыўы мүмкин, оның жәрдеминен пайдаланыўға ҳақлы. Сорастырыўшы тергеўшиге ис жүзесинен әхмийетли болған ҳүжжетлерди, ҳәр қандай басқа пайдалы мағлыўматларды толық жеткерип турыўы керек.

Жынаят процесси мазмунына көре, сорастырыў ҳәм тергеў өз-ара байланыслы, оларда белгили бир улыўмалық жағдайлары бар. Сорастырыў ҳәм тергеўдиң улыўмалығы - бул олардың мақсетиниң улыўмалығы менен сәўлеленеди. Сорастырыў ҳәм тергеў бир мақсетке - яғный тергеў алып

барылыўшы ислер жүзесинен ҳақыйқатты орнатыўға қаратылған.

Дәслепки тергеўдиң улыўма шәртлери бул - дәслепки тергеўди алып барыўдың процессуал тәртибин белгилеп беретуғын, жынаят процессиниң улыўма принциплерине тийкарланған, жынаят процессиниң ғәрезсиз басқышы сыпатындағы дәслепки тергеўдиң ең әҳмийетли ҳәм өзине тән белгилерин сәўлелендиретуғын ҳуқықый талаплар, қағыйдалар жыйнағы болып табылады.

Дәслепки тергеўди әмелге асырыўдың жынаят-процессуал нызамшылықта көрсетилген улыўма шәртлерин сорастырыў ҳәм дәслепки тергеў ушын мәжбүрий болған, өз-ара бир-бири менен байланыслы талаплардың белгили бир системасы есапланады:

1. Тергеўдиң ўәкиллиги бар шахслар тәрепинен алып барылыўы (ЖПКниң 344, 354, 355, 356, 357, 358-статьялары).

2. Дәслепки тергеўдиң мәжбүрийлиги ҳәм тергеўге тийислилиги (ЖПКниң 345-статьясы).

3. Дәслепки тергеў мүддети (ЖПКниң 350-351-статьялары).

4. Дәслепки тергеўде жәмәәтшилик ҳәм халыслардың қатнасыўы (ЖПКниң 349, 352-статьялары).

5. Дәслепки тергеўди әшкара қылмаў мәжбүрияты (ЖПКниң 353-статьясы).

6. Тергеў искерлигинде илимий-техника қуралларынан пайдаланыў.

7. Жынаят ислерин бирлестириў ҳәм ажыратыў.

Жуўмақлап айтатуғын болсак, сорастырыў ҳәм тергеў ҳәрекетлери ортасындағы улыўмалық төмендегилерде көринеди:

– сорастырыў ҳәм тергеўдиң улыўма мақсети жынаятларды тергеў даўамында объектив ҳақыйқатты орнатыўға ерисиў болып есапланады;

– сорастырыў ҳәм тергеў ҳәрекетлерине улыўма шәртлер, талаплардың қойылыўы;

– сорастырыў ҳәм тергеў ҳәрекетлериниң әмелдеги процессуал нызамшылыққа толық ҳәм сақлаған жағдайда әмелге асырылыўы.

Биз жоқарыда сорастырыў ҳәрекети менен тергеў ҳәрекетиниң улыўма тәреплерине тоқталып өткен едик, сорастырыў ҳәм тергеў ҳәрекетиниң улыўмалығы олардың алдына қойған мақсетлер, оларға қойылатуғын талаплардың улыўмалығы менен сәўлеленеди.

Сорастырыў ҳәм тергеў жынаят процессиниң бир-бирине байланыслы болған басқышлары болып есапланады. Олар ортасында улыўмалықтан тысқары, белгили бир өзгешеликлер де бар.

Усы ўақытта сорастырыў менен тергеў ортасында белгили бир парықлар да бар, олар, сорастырыў ҳәм тергеўдиң функциялары, ўазыйпаларындағы парқы болып табылады. Жынаятларды тергеў, дәслепки тергеў органлары ушын биринши ҳәм тийкарғы функция есапланады, дәслепки тергеўдиң қалған бәрше функциялары жоқарыдағы функциядан келип шығады, оны толық әмелге асырыўға қаратылған болады. Жынаятларды тергеў сорастырыў органларының әҳмийетли ўазыйпасы есапланады, бирақ ол сорастырыў органының тийкарғы да, бирлемши де ўазыйпасы емес. Себеби сорастырыў искерлигин алып барыўшы органлардың сорастырыўдан да басқа, тийкарғы есапланған ўазыйпалары бар. Мәселен, сорастырыў жумысларын алып барыўшы тийкарғы орган болған милиция органларының тийкарғы ўазыйпасы - жәмәәт тәртибин сақлаў болып есапланады.

Сорастырыў органлары тергеў органларынан сорастырыў жумысларын алып барыўға ўәкиллиги бар органлар ҳәм мәпдар шахслар системасы менен де парықланады. Бул органларға, сорастырыў ҳәм тергеўдиң бир-биринен парқы көз-қарасынан қарайтуғын болсак, прокуратура органлары сорастырыў искерлигин алып баратуғын органлар системасына кирмейди, лекин олар дәслепки тергеўди әмелге асырады.

Ишки ислер органы ҳам сорастырыў искерлигин дәслепки тергеўди әмелге асырыўшы орган есапланады. Жынаят-процессуал ҳәм басқа нызам ҳүжжетлеринде ишки ислер органлары қандай ислер бойынша сорастырыў жумысларын алып барыўға ҳәм қандай ислер бойынша тергеў алып барыўға

ўәкиллиги бар екенлиги анық көрсетип қойылған.

Миллий қәўипсизлик хызмети органлары да сорастырыў ҳәм дәслепки тергеў алып баратуғын органлар системасына киреди. Миллий қәўипсизлик хызмети органлары ишки ислер органлары сыяқлы, белгили бир ислер бойынша сорастырыў, өзгеше ислер бойынша дәслепки тергеў алып барыў ҳуқықына ийе.

Буннан тысқары, сорастырыў ҳәм тергеў ҳәрекетлери бир-биринен искерлигиниң мазмуны ҳәм характери менен парықланады. Яғный, сорастырыў органы искерлигинде тергеў ҳәрекетлери менен бир қатарда оператив-қыдырыў жумыслары үлкен орын тутады, (буннан тысқары: теңиз кемелери капитанлары ҳәм қыс мәўсиминен өтиў баслықлары искерлигинде оператив-қыдырыў жумыслары болмаўы мүмкин) дәслепки тергеў органлары искерлигинде болса тергеў ҳәрекетлери бирлемши орынды ийелейди.

Сорастырыў органы менен тергеў органлары дәслепки тергеў процессиндеги өз-ара байланысларының нәтийжелигин асырыў тийкарынан олардың оператив-қыдырыў искерлиги ҳәм тергеў ҳәрекетлерин жүритиў нәтийжесинде алынған хабарлар менен өз ўақтында алмасыўына байланыслы. Олардың байланысын жақсылаў ҳәм жынаят судлаў жумысларының сапасын жақсылаў ушын оператив-қыдырыў жумысларының улыўма қоспа режесиниң ислеп шығылыўы әҳмийетли орын тутады. Оған тийкарынан ўазыйпаларды орынлаўшылар ортасында өз-ара бөлистириледи. Бул режелерди ислеп шығыўда оператив-қыдырыў искерлиги ҳәм тергеў ҳәрекетлериниң өткерилиў ўақты, орны ҳәм мүддети келисилгенлигине үлкен итибар қаратыў керек.[24]

Сорастырыўшы менен тергеўшиниң процессуал ҳуқық ҳәм мәжбүриятлары, ҳуқықый статусы бир-биринен парық қылады. Сорастырыўшыға қарағанда тергеўшиниң ўәкилликлери салмақлы, бунын

---

[24] Хидоятов Б. Некоторые особенности взаимодействия следователя с органами дознания при расследовании дел связанных с незаконным оборотом наркотических средств. // Гиёҳвандликка қарши кураш: назария ва амалиёт мавзусидаги илмий-амалий конференция материаллари. - Т.: ТДЮИ, 2002. – Б.126.

себеби сонда, сорастырыў искерлиги тергеў искерлигине жәрдем бериўши, жәрдем көрсетиўши болып есапланады.

Сорастырыў ҳәм тергеў органлары арасында беккем байланыслар орнатылған болыўы жынаят судлаў жумысларының нәтийжелигин асырыўға хызмет қылады. Бундай беккем байланысларды орнатыў, әлбетте ислер ИИМ ҳәм МҚХ тергеўшилери тәрепинен алып барылғанда жеңил өтеди, себеби олар бир шөлкемниң хызметкерлери болғаны ушын олардың арасында ҳеш қандай тосықлар болмайды. Бул шөлкемлердиң тергеўшилери де оператив-қыдырыў искерлиги менен жақыннан таныс болғаны ушын, оператив хызметкерлер менен биргеликте алып барылыўы лазым болған оператив-қыдырыў жумысларының пухта режесин ислеп шығыў имканиятына ийе болады.[25] Прокуратура тергеўшилери жынаят исин алып баратуғын жағдайларда да тап сондай байланыслар орнатылыўына ерисиўи лазым. Бундай жағдайда да сорастырыў органы тәрепинен усы жынаят иси ушын жеке өзи жуўапкер болған оператив хызметкер тайынланыўы керек.

Солай етип, сорастырыў ҳәрекетлери менен тергеў ҳәрекетлери ортасындағы парықлар, бул еки орган алдына қойылған функциялардың, ўазыйпалардың ҳәртүрли екенлигинен келип шыққан ҳалда дүзилген.

## Биринши бап бойынша жуўмақлар

Өзбекистан Республикасында ҳәзирги күнде жынаятшылыққа қарсы гүресте нызамлардың анық орынланыўын тәмийинлеў процессинде сорастырыў органларының ҳуқық қорғаўшы басқа органлар менен биргеликтеги бир қатар тәдбирлери нәтийжесинде жынаятшылық динамикасында турақлы жүзеге келди ҳәм унамлы өзгерислер бақланбақта.

Жынаятшылыққа қарсы гүрес ҳәм оның алдын алыўда унамлы өзгерислерге ерисиў менен бир қатарда қәте ҳәм кемшиликлерге жол қойылмақта. Жынаятлардың алдын алыўға қаратылған ислер еле гөзленген

[25] Кругликов А. Следственные действия и проблемы их производства органами дознания по поручению следователя // Уголовное право. - М.; Интел-Синтез, 2003. - № 3. - Б.91-93.

нәтийжени бергени жоқ. Сорастырыўды билимсиз, сапасыз өткерилиўи, шубалаңшылыққа жол қойыў нызам талапларын қопал рәўиште бузыў, дәлийллер топлаў, оларды тексериў ҳәм беккемлеў жумысларына жүзеки қатнаста болыў, қыя дәлийллерди шеклеп өтиў, гүман қылыныўшы, жәбирлениўшилердиң келтирген тийкарлы ўәжлерин есапқа алмаў жағдайлары да ушырап турады.

Сорастырыўдың ҳәр тәреплеме, толық ҳәм қалыс болыўын тәмийинлеў ҳаққындағы нызам талапларының орынланыўын, пуқаралардың Конституция менен кепилленген шахс ҳәм турар жайлары қол қатылмаслығын, айыпланыўшылардың қорғаныў ҳуқықларын тәмийинлеў барысында прокурор, тергеўши ҳәм сорастырыў органлары хызметкерлериниң айрықша жууапкершилик пенен қараўы керек. Нызамды қастан ҳәр қандай жағдайда шеклеп өтиўге, инсан ҳуқықларының бузылыўына жол қойылмайды.

# II-БАП. СОРАСТЫРЫЎ ОРГАНЛАРЫ ҲӘМ ЖЫНАЯТ ПРОЦЕССИНДЕ СОРАСТЫРЫЎШЫНЫҢ ПРОЦЕССУАЛ ЖАҒДАЙЫ

## 2.1. Сорастырыў органлары ҳәм олардың тийкарғы ўазыйпалары

Өзбекистан Республикасының ЖПКниң 38-статьясына муўапық, төмендегилер сорастырыў органлары болып есапланады:

1. **Милиция** – бир қатар хызмет ҳәм бөлимлерден дүзилген ИИМ системасының дүзилисси болып, олардың оператив қыдырыў бөлимлериниң баслықлары сорастырыў органларының мәпдар шахслары қурамына киреди. Сорастырыў органы сыпатында милиция ўақтынша ҳәкимшилик аймақ (район, қала, олардың бөлимлери, ўалаят яки темир жол, суў, ҳаўа транспорты объектлеринде ҳәм аймақларында) өзиниң юрисдикциясын әмелге асырыўшы аймақлық милициясына ийе.

Бул орган тиккелей ишки ислер органларына киреди ҳәмде 1991 жыл 25 октябрдеги Ишки ислер министрлиги ҳаққындағы Нызам оның искерлигин тәртипке салыўшы тийкарғы ҳүжжет болып есапланады. Бул Нызамға тийкарынан Өзбекистан Республикасы Ишки ислер министрлиги Конституция ҳәм Ғәрезсизлик Декларациясына муўапық Өзбекистан Республикасы мәмлекет басқарыў органы есапланады.

Дәслепки тергеў өткериў талап қылынбайтуғын ислер ҳеш қандай шеклениўсиз милиция тәрепинен қозғатылады ҳәм сорастырыў тамамланғаннан соң, судқа бериў ушын прокурорға жибериледи. Жынаят исин қозғатып болғаннан соң, милиция хызметкерлери тергеўди әмелге асырыў ушын, табылған материалларды беккемлеў ушын жынаятшыны қыдырыў ҳәм оны услаў ушын тийисли шараларды көреди.

Пикиримизше, жынаят белгилерин қыдырып табыў, оператив қыдырыў жумысларын әмелге асырыў сорастырыў органлары жуўапкершилигине жүклетилген болыўы керек. Жынаят белгилерин анықлаўда сорастырыў органларының ўәкилликлери нызамда жетерли

дәрежеде ислеп шығылмаған. Соның ушын да юрист алымлар бул мәселени ҳәр түрли талықланады.[26]

Өзбекистан Республикасы Ишки ислер министрлигиниң тийкарғы ўазыйпалары төмендегилерден ибарат: республика ишки ислер органлары искерлигиниң стратегиялық бағдарларын белгилеў; ишки ислер органлары искерлигин улыўма басқарыў, муўапықластырыў, оларға шөлкемлескен-методик ҳәм искерлиги нәтийжелиги тәмийинлениўине жәрдем бериў; ИИМ системасына кириўши органлар, кәрхана, мекеме ҳәм шөлкемлер искерлигинде нызамшылықты тәмийинлеў, пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлери, нызамлы мәплерин қорғаў; ишки армияның әскерий ҳәм мобилизациялық таярлығын тәмийинлеў; жәмәәт қәўипсизлигин тәмийинлеў ҳәм жәмәәт тәртибин қорғаў, жынаятшылыққа қарсы гүрести шөлкемлестириў; пән ҳәм техника жеңислерин, нәтийжели тәжирийбелерди, басқарыўдың прогрессив формаларын ҳәм ислеў методларын пайда етиў; ишки ислер органлары искерлигиниң ҳуқықый тийкарларын ислеп шығыў; органларда кадрлар менен ислеўдиң жоқары дәрежесин шөлкемлестириў; ишки ислер органлары хызметкерлериниң социаллық кепилликлерин тәмийинлеў; шөлкемлескен жынаятшылық ҳәм коррупцияға қарсы гүрести шөлкемлестириў.

2. **Миллий қәўипсизлик хызмети ҳәм оның** орынлардағы органлары шет ел мәмлекетлери ҳәм шөлкемлериниң Өзбекистанға қарсы қаратылған разведка-қопарыўшылық искерликлерине қарсы гүреседи, Өзбекистан Республикасының суверенитети, конституциялық системасы, аймақлық бир пүтинлиги, экономикасы, илимий-техникалық ҳәм қорғаныў потенциалын ҳуқыққа қарсы қастыяңлықлардан қорғаў ўазыйпасын орынлайди. Өзбекистан Республикасының Миллий Қәўипсизлик хызмети ҳаққындағы Нызам МҚХ искерлигиниң ҳуқықый тийкары болып есапланады.

Өзбекистан Республикасы МҚХ өзине жүклетилген ўазыйпаларды

---

[26] Жогин Н.В., Фаткуллин Ф.Н. Возбуждение уголовного дела. -М.:1961. -Б.112-118; Михайленко А.Р. Возбуждение уголовного дела в уголовном процессе. -Саратов, 1975. -Б.55; Григорьев В.И. Обнаружение признаков преступления органами внутренних дел. -Т.: 1986. –Б.24-31.

орынлаў ушын мәмлекет ҳәкимияты органлары менен келискен ҳалда Қарақалпақстан Республикасы өз органларын, ўалаятларда, қала ҳәм районларда басқармаларын дүзеди.

МҚХ Өзбекистан Республикасы ҳәкимият ҳәм басқарыў органлары искерлигин душпан кейпиятындағы мәмлекетлер арнаўлы хызметлери ҳәм конституцияға қарсы бағдарланған ишки күшлердиң жынайый қастыяңлықлары тәсиринен нәтийжели қорғаўды тәмийинлеў ушын жуўапкер болып табылады ҳәм Өзбекистан Республикасы Президенти ҳәм Өзбекистан Республикасы Олий Мәжилиси алдында турақлы түрде есап берип турады. Өзбекистан Республикасы МҚХ Конституция ҳәм нызамларға қайшы келмейтуғын буйрық ҳәм көрсетпелерге тийкарынан оператив-қыдырыў ҳәм басқа хызмет искерлигин әмелге асырады.

МҚХниң тийкарғы ўазыйпасы болып Өзбекистан Республикасы мәплери тийкарында разведка ҳәм контрразведка искерлигин әмелге асырыў ҳәм шөлкемлескен жынаятшылыққа қарсы гүресиў болып есапланады.

МҚХ органлары шөлкемлескен жынаятшылыққа ҳәм терроризмге қарсы гүрес алып барады, Өзбекистан Республикасы Конституциясы ҳәм суверенитетин ҳәр қандай қастыяңлықлардан қорғаўын тәмийинлейди, Өзбекистан Республикасының шет елдеги дипломатик, саўда ҳәм басқа расмий елшиханалары қәўипсизлигин тәмийинлейди, зәрүр жағдайларда Өзбекистан Республикасы пуқараларын шет елге шығыў ҳәм ол жерде болыў жағдайларында қәўипсизлигин тәмийинлеў шараларын көреди.

Буннан тысқары мәмлекет сырларын ислеп шығыў ҳәм әмелге асырыўда қатнасады; кәрхана, мекеме ҳәм шөлкемлерге коммерциялық сырын сақлаўда жәрдем көрсетеди. МҚХ ҳаққындағы Нызамда МҚХ органларының тергеў алып барыўы қәўипсизлик органларына тийисли болған жынаятлар бойынша сорастырыў ҳәм дәслепки тергеўди әмелге асырыўы; усы жынаятларды ислеўде гүман қылыныўшы шахсларды қыдырыў, бул жынаятларды ислеген шахслар дизимин жүритиўи белгилеп қойылған.

МҚХ органлары Өзбекистан Республикасы Президенти, мәмлекет ҳәкимияты ҳәм басқарыўының жоқары органлары қарарына тийкарынан ишки ислер органлары менен бирге пуқараларды қорғаў, байланыс ҳәм транспорт қураллы объектлерин қорғаў, халықтың турмысын тәмийинлеў, әҳмийетли халық хожалығы ҳәм әскерий объектлерди, нызамлы ҳәм ҳуқықый тәртибин сақлаў, улыўмалық тәртипсизликлерди, халықаралық келиспеўшиликлердиң алдын алыў, арнаўлы шахслардың қәўипсизлигин тәмийинлеў мақсетинде биргеликте шаралар көриў жүзесинен мәмлекет органлары менен бирге ислеседи, әскерий жағдай ўақтында миллий қәўипсизлик хызмети органларының мобилизациялық тәдбирлерин тәмийинлейди, мәмлекет сырларын қорғаў, бажыхана қағыйдалары, оқ-дәри ҳәм қуралларды алыў ҳәм сақлаў қағыйдалары мәселелерине бағышланған мәмлекет көлеминдеги шара тәдбирлерди ислеп шығыўда қатнасады.

Миллий қәўипсизлик хызмети органлары искерлиги нызамлы, бәршениң нызам алдында теңлиги, шахсты, оның ҳуқық ҳәм еркинликлерин ҳүрмет қылыў, инсаныйлық ҳәм интернационализм принциплерине тийкарланади.

3. Жынаят процессуал нызамшылығы менен (38-статья) сорастырыў жумысларын жүритиў **бажыхана хызмети** тәрепинен әмелге асырылыўы да белгилеп өтилген.

Заманагөй экономикалық раўажланыў миллий экономикаға еркин саўда аймақларын шөлкемлестириўге қаратылған, финанс ресурсларының ҳәрекети, товар ҳәм хызметлер бөлистириў бойынша халықаралық келисимлер ролин асырыў мақсетиндеги тараўлар ара аймақлық ҳәм бир пүтин тынышлық комплекслерин киритиўдиң ҳәўиж алғанлығы менен характерленеди.

Соңғы ўақытларда мәмлекеттиң товарларды, хызметлерди, ислерди, хабарларды халықаралық бөлистириўдеги роли асып бармақта. Мәмлекет, товарларды ҳәм транспорт қуралларды шегарадан алып кириўдиң тәртибин, бажыхана төлемлерин ҳәм салықларды орнатады, сыртқы экономикалық

қатнасық қатнасыўшыларына бажыхана қағыйдалары ҳәм оларды басқарыўды тәртипке салыўдың басқа формаларын анық юридикалық актке тийкарланған ҳалда белгилейди.

Бажыхана органларының бирден-бир системасын белгилеў ҳәм раўажландырыў 1997 жылда қабыл қылынған «Мәмлекет бажыхана хызмети ҳаққында»ғы нызам ҳәм «Бажыхана кодекси»[27] менен тиккелей байланыслы. Бажыхана органлары оператив-қыдырыў искерлигин алып барады ҳәм сорастырыўды әмелге асырады.

4. **Салық ҳәм валютаға тийисли жынаятларға қарсы гүресиў департаменти.** Мәмлекеттиң бәрше ис алып барыў бағдарларын финансластырыў дереклеринен бири ҳәм мәмлекет үстинлигин әмелге асырыўдың экономикалық қуралы болып салықлар есапланады. Салық институтларының жүзеге келиўиниң объектив зүрүрлиги мәмлекеттин пайда болыўы ҳәм шөлкемлесиўи ҳәмде оның экономикалық инфрадүзилиў шәрти менен байланыслы.

Мәмлекет тәрепинен экономиканы салық қуралында тәртипке салыў мәмлекет бюджетин дүзиў, салықшылық қуралында жәмийеттеги анаў яки мынаў процесслерге тәсир етиў усылларынан бири.[28]

Мәмлекет салық органлары бюджетке салық, жыйым ҳәм басқа төлемлердиң толық ҳәм өз ўақтында келип түсиўин тәмийинлеў мақсетинде дүзиледи.

Мәмлекетлик салық басқармасы қурамында мәмлекет салық органларында салық ҳуқықбуыўшыларының алдын алыў, анықлаў ҳәм тоқтатыў искерлигин әмелге асырыўшы арнаўлы бақлаў бөлимлери дүзиледи.

Салық органлары алдында турған салық ҳуқықбузарлықларын анықлаў, алдын алыў ҳәм тоқтатыў ўазыйпаларын орынлаўда дәраматларды ҳәм басқа салық объектлерин жасырыў жағдайларын анықлағанда салық органлары сорастырыў жумысларын өткериў, жынаят исин қозғатыў ҳәм

---

[27] «Давлат божхона хизмати тўғрисида»ги Қонун. 1997 й 29 август. № 472-I.
[28] Хван Л.Б. Налоговое право: Учебник.- Т.: Консаудит-Информ, 2001. –Б.13-15.

оларды тийислилигине көре өткериўге ҳақлы.

Шешилиўи лазым болған мәселе салық хызмети органлары ўәкиллиги шеңберинен шығатуғын болса, исти прокуратура, ИИМ, МҚХ ҳәм басқа ўақытта судқа керекли материаллары менен бирге өткизеди.

Өзбекистан Республикасы нызамы менен салыққа қарсы жынаятлар менен гүресиўши, сорастырыўды әмелге асыратуғын, Нызамға тийкарланып ис алып барыўшы (Министрлер Кеңесиниң 6.07.2001.дағы № 291 қарарына №5 Илова) департамент шөлкемлестиреди.

Өзбекистан Республикасы Бас прокуратурасы жанындағы Салық жынаятшылығына қарсы гүресиўши департамент бюджетке төленетуғын салық ҳәм басқа мәжбүрий төлемлерди төлеўден бас тартыў фактлерин анықлаў, салық жынаятлары ҳәм басқа ҳуқықбузарлықлардың алдын алыў, салық базасын көбейтиў ҳәм мәмлекетке жеткизилген зыянды қаплаў шараларын көреди.

Соның менен бирге департамент ҳәм оның орынлардағы органлары жумысларының нәтийжелери олар алдына қойылған ўазыйпаларға, биринши нәўбетте «жасырын» экономикалық искерликти анықлаў ҳәм алдын алыў, хожалық, финанс-валюта тараўында белгиленген нызам нормаларын бузыў жолы менен мәмлекет мәплерине жеткизилип атырған үлкен зыянды анықлаў бойынша қойылған ўазыйпаларға толық жуўап берди.

Департамент сорастырыў өткериў тараўында жынаят исин қозғатады, салық ҳәм валютаға тийисли жынаятларды ислеген фактлери бойынша тексериў өткериўди дүзеди; департаменттиң шөлкемлескен-бақлаў жақтан тәмийинлениўи барысында департаменттиң аймақлық бөлимлери тәрепинен сорастырыўдың әмелге асырылыўын бақлайды; салық ҳәм экономика тараўында, сондай-ақ, шет ел валютасында операцияларды әмелге асырыўдағы ҳуқықбузарлықларды анықлайды, алдын алыў ҳәм сапластырыўға қаратылған режели ҳәм режеден тысқары ҳәмде басқа тәдбирлерди ислеп шығыў ҳәм өткериўден шөлкемлескен ислерди әмелге асырады; өзиниң аймақлық бөлимлери тәрепинен орынлаў ҳәм хызмет

интизамына әмел қылыўдағы функционал мәжбүриятларын орынлаўынан шөлкемлескен тексериўлерди өткизеди.

5. **Әскерий бөлимлер, бөлим командирлери, әскерий мекемелер ҳәм әскерий оқыў орынларының баслықлары** - оларға бойсыныўшы әскерий хызметкерлер, сондай-ақ, оқыў масақлары өткерилип атырған ўақытта әскерий хызметке мәжбүрлер тәрепинен исленген жынаятларға тийисли servers бойынша; Өзбекистан Республикасы Қуралл Күшлери хызметкерлериниң хызмет мәжбүриятын орынлаў менен байланыслы жынаятлары яки бөлим, мекеме ямаса оқыў орны жайласқан жерде ислеген жынаятларына тийисли servers бойынша сорастырыўды алып барыўға ҳақлы. Олар сорастырыўды ғәрезсиз армиямыздың дүзилиўи тийкарларына, онда көрсетилген ўазыйпаларға ҳәм шахсый қурамның тәрбиясына тийкарланып алып барады.

6. **Өзбекистан Республикасы Ишки servers министрлиги жазаны орынлаў системасын басқарыў органларының баслықлары, қамақ тәризиндеги жазаны орынлаў мекемелериниң, жазаны орынлаў колониялары, тәрбия колониялары, тергеў изоляторлары ҳәмде түрмелердиң баслықлары** - усы мекемелер хызметкерлери хызметин өтеўдиң белгиленген тәртибине қарсы қылған жынаятларға тийисли servers, сондай-ақ, бул мекемелер аймағында исленген басқа жынаятларға тийисли servers бойынша сорастырыў жумысларын алып барыў ҳуқықына ийе (ӨзР 27.12.1996-ж. 357-I-санлы нызамы). Бул шахслар усы мекеме хызметкерлери тәрепинен ишки тәртип қағыйдалары бузылған жағдайларда жынаят servers алып барады ҳәм кейин ала исти прокуратура яки милицияға тапсырады.

7. **Мәмлекет өрт қәўипсизлигинен бақлаў органлары** - өртке тийисли ҳәм өртке қарсы қағыйдаларды бузғанлығы, өрт себеплерин анықлаўға тийисли servers бойынша сорастырыўды алып барады.

8. **Шегараны қорғаў органлары** мойнына мәмлекет шегарасын бузғанлығына тийисли servers бойынша сорастырыўды алып барыў ўазыйпасы жүклетилген.

9. **Алыс сапарда болған теңиз кемелериниң капитанлары** да сорастырыў жумысларын алып барыўы мүмкин.

10. **Өзбекистан Республикасы Әдиллик министрлиги жанындағы Суд қарарларын орынлаў, судлар искерлигин материаллык-техникалык тарептен хам каржылай тамийинлеу департаменти хамде онын аймаклык баскармалары**-ержетпеген яки мийнетке жарамсыз шахсларды,ата-ананы материаллык таминлеуден бас тарткан ,суд қарарын орынламауга ,сондай-ак катланган мал-мулкти нызамга кайшы рауиште баскарыуга байланыслы ислер бойынша сорастырыуды амелге асырады.

Сорастырыў органларының төмендеги тийкарғы мәжбүриятлары белгиленген:

–Жынаятларды ҳәм оларды ислеген шахсларды табыў мақсетинде жынаят процессуал нызамында нәзерде тутылған ҳәрекетлерди ҳәм оператив-қыдырыў шараларын өткериў, жынаятлардың алдын алыў ҳәм ашыў.

–Тергеў қыдырыў ҳәрекетлерин алып барыўда тергеўшиниң көрсетпелерин ҳәм тапсырмаларын орынлаў, тергеў ҳәрекетлерин өткериўде оларға жәрдем бериў (ЖПКниң 36-статьясы).

Сорастырыў органлары халыққа бир қанша жақын есапланады, олар биринши болып таярланып атырған яки исленген жынаятларды ашады, соның ушын өз алдына қойылған ўазыйпаларды әмелге асырыў мақсетинде тергеўдиң дәслепки басқышында кешиктирип болмайтуғын тергеў ҳәрекетлерин әмелге асырады. Әмелдеги жынаят-процессуал нызамшылығы сорастырыўдың төмендеги ўазыйпаларын белгилеп береди: жынаяттың алдын алыў яки оған жол қоймаў; дәлийллерди топлаў ҳәм сақлаў; жынаят ислеўде гүман қылынғанларды услаў ҳәм жасырынған гүман қылыныўшыларды ҳәмде айыпланыўшыларды излеп табыў; жынаят себепли жеткизилген материаллық зыян қапланыўын тәмийинлеў ушын кешиктирип болмайтуғын тергеў ҳәрекетлерин жүритиў (ЖПКниң 339-статьясы).

Кешиктирип болмайтуғын тергеў ҳәрекетлери дегенде, дәлийллерди табыў ҳәм беккемлеў ҳәрекетлериниң кешиктирилиўи нәтийжесинде дәлийллердиң жойтылыўы, бузылыўы, өзгериўи, зыян жетиўине алып келиўи мүмкинлиги түсиниледи. Кешиктирип болмайтуғын тергеў ҳәрекетлериниң дизими жынаят процессуал нызамшылығы менен шегараланбаған. Сорастырыўшы ис ушын зәрүр болған излерди анықлаў ҳәм беккемлеў мақсетинде бәрше тергеў ҳәрекетлерин өткериў ҳуқықына ийе.

Солай етип, сорастырыў бул - Жынаят-процессуал нызамы менен арнаўлы ўәкиллиги бар болған мәмлекет органлары ҳәм мәпдар шахслардың жынаятларды ашыўы, алдын алыў ҳәм оған жол қоймаўға қаратылған кешиктирип болмайтуғын тергеў ҳәрекетлерин жүритиў искерлиги есапланады.

Ишки ислер, Миллий қәўипсизлик хызмети органлары ҳәм Өзбекистан Республикасы Бас прокуратурасы жанындағы Салыққа тийисли жынаятларға қарсы гүресиў департаменти ҳәм оның орынлардағы бөлимлери бул мақсетте оператив-қыдырыў шараларын көриўге де ҳақлы. Бирақ оператив-қыдырыў нәтийжесинде алынған мағлыўматлар дәлийл сыпатында белгиленбейди. Оператив-қыдырыў нәтийжесинде алынған мағлыўматлар дәлийллердиң дерегин анықлаўға, тергеўдиң табыслы тамамаланыўына жәрдем береди.

Оператив-қыдырыў искерлигин сорастырыўдың ис жүритиўи деп қаралмаўы лазым, себеби ол сорастырыў шеңберинде болса-да, процессуал характерге ийе емес. Сорастырыўдың өзи болса тийисли мәпдар шахслар тәрепинен әмелге асырылатуғын процессуал искерлик болып табылады.

Оператив-қыдырыў искерлигин сорастырыў түсинигине киритип болмаўының және бир себеби, сорастырыўдың басқа органлар искерлиги менен тиккелей байланыслы емес.

Оператив-қыдырыў шаралары сорастырыўға жәрдемши характер есапланады. Оператив-қыдырыў искерлиги тийисли норматив ҳүжжетлер менен тәртипке салынады.

Оператив-қыдырыў ҳәрекетлерин өткериў жынаят исин қозғатыўға байланыслы емес. Ол жынаят иси қозғатылғанға шекем ҳәм одан кейин де өткерилиўи мүмкин. Оператив-қыдырыў ҳәрекетлери сорастырыў ҳәм дәслепки тергеў органларының процессуал искерлиги менен муўапықластырылады.

Оператив-қыдырыў искерлиги еки әсирден бери әдил судлаў мене бире ислеседи. Жынаятларды ашыў, кейин ала суд ҳәкимияты органларына тапсырылыўы лазым болған айыпкерлерди анықлаў ҳәм табыў оператив-қыдырыўдың ўазыйпалары қатарына кирген ҳәм ҳәзирги күнде де сондай қыдырыўға кiз-қараслар ҳәр түрли болыўы мүмкин, бирақ оның зәрүрлигин инкар етип болмайды. Сол себепли де ол бәрше мәмлекетлерде бар. Деген менен юридикалық луғатларда «қыдырыў» сөзи ескирген сөз сыпатында берилсе-де, қыдырыўдың өзи ескирмейди, қыдырыўға болған зәрүрият өзиниң актуаллығын ҳеш қашан жойтпайды.[29]

И.И.Карпецтиң бул бойынша көз қарасы өзгеше әхмийетке ийе: «…Өзимизде ислеўи мүмкин болған жақсы нәрселерди алыў керек, базар системасын биз ойлап шығармағанлығымызды, базар системасы алдын жынаят пенен «кеселленгенлигин», бирақ оны әмелге киргизген оны қандай зыянсызландырыўды да билиўин есапқа алыўымыз лазым. Алымларымыздың ўазыйпасы нызамшылығымызға ҳақыйқаттан да киритилиўи зәрүр болған нәрселерди анықлаў ҳәм усыныўдан ибарат, кери жағдайда шөлкемлескен жынаятшылық ҳәм коррупцияға қарсы гүреске тийисли ҳәр қандай мәселе нәтийжесиз қалып кетеди».[30]

Америкалы криминологлар Д.Герберт ҳәм Х.Триттиң пикирлеўинше: «Шөлкемлескен жынаятшылық қәўипине қарсы ҳәр қандай нәтийжели жуўаптың мақсети ҳәм усылы – хабар есапланады».[31]

---

[29] Иномжонов Ш. Жиноят процессида далиллар тақдим қилиш ва фойдаланиш муаммолари. -Т.: Адолат, 2003. –Б.57.

[30] Организованная преступность. Под. ред. А.И.Долговой, С.В. Дьякова. – М.:Криминологическая Ассоциация, 1993. –Б.17-18.

[31] Горяинов К.К., Кваша Ю.Ф., Сурков К.В. Федеральный закон «Об оперативно-розыскной деятельности». Комментарий / под. ред. проф. П.Г.Пономарева.- М.: Новый юрист, 1997. –Б.208.

Швейцариялық қәнигелердиң айтыўынша, «Белгили бир ҳәдийсени ислеп шығыў» усылы менен жынайый топарда аңсатлық пенен алмастырылыўы мүмкин болған айырым шахслардығана әшкара етиў мүмкин. Жынаятшылыққа қарсы гүресиўши органлар, егер олар шөлкемлескен жынаятшылыққа қарсы гүреспекши болса, өз алдына тийкарғы мақсет: шөлкемди, оның ағзаларының максимал санын, биринши нәўбетте баслықларын әшкара етиў жолы менен жоқ етиўди қойыўы керек. Буның ушын болса, жынайый бирлеспениң пүткил организмин үйрениў бойынша тереӊ ойланған ҳәм турақлы алып барылатуғын искерлик зәрүр. Тергеўдиң дәстүрий усыллары бул жерде тек ғана кесент берген болар еди. [32]

АҚШ ФТБ (FBI) директоры У.Сешенс: «Бүгин бизиң тийкарғы мақсетимиз – айырым майда жынаятшыларға қарсы гүрес емес, бәлким ири жынайый шөлкемлерди жоқ қылыў», деп бир неше рет айтып өткен еди.

Жоқарыда келтирилген пикирлер раўажланған мәмлекетлердеги полиция ҳәм арнаўлы хызметлердиң заманамыздың ең қәўипли жаўызлығы – шөлкемлескен жынаятшылыққа қарсы гүреске ёндашувиниң мазмунын толық ашып береди. Әмелий искерликте жынайый дүзилислер ҳаққындағы излеп табылған мағлыўматты оператив қолға киритиў, топлаў, баҳа бериў ҳәм ислеў биринши орынға қойылады. Себеби жынайый бирлеспелердиң жасырынғанлығы, олар тәрепинен ҳуқыққа қарсы ҳәрекетлердиң излерин жоқ етиўге қаратылған шаралар, гуўаларды ҳәм басқа кесент бериўши шахсларды нейтраллаў, ҳәкимият дүзилислерине кирип алыў, заманагөй техник қуралларын қоллаў сондай шәраятларды жүзеге келтиреди, бундай шәраятларда ҳуқық қорғаў органына толық әхмийетли хабардың келип түсиўин тек ғана жасырын тергеўдиң арнаўлы усыллары ҳәм қураллары: электрон бақлаў, сыртқы гүзетиў, почта жөнелтпесиниң перлюстрациясы ҳәм агентура тәмийинлеўи мүмкин.

Қаншелли табийий болмасын, бақлаўдың техник ҳәм электрон қуралларды раўажланыўына қарамай, агентураның жасырын тергеўдиң ең

---

[32] Горяинов К.К., Кваша Ю.Ф., Сурков К.В. Федеральный закон «Об оперативно-розыскной деятельности». Комментарий / под. ред. проф. П.Г.Пономарева.- М.: Новый юрист, 1997. –Б.209.

нәтийжели қуралы сыпатындағы әхмийети кем-кемнен асып бармақта, ҳәзирги заманда социаллық байланыслардың қурамаласыўы менен инсан факторының орны асыўы анық.

Өткен әсирдиң 20-жылларында И.Н.Якимов жынайый орталыққа кирип алған, яғный оператив жайласқан жынаят қыдырыў хызметкерлериниң орны ҳәм хызмет сапаларын жоқары баҳалаған еди: «ҳәзирги ўақытта агент кәсиби тек ғана әмелий тәжирийбе емес, бәлким арнаўлы билимлерге де тийкарланған санааттан басқа нәрсе емес. Ҳәзирги агент жүдә көп нәрсени билиўи лазым, ең алды менен жынайый, материаллық ҳәм процессуал ҳуқықларды, суд медицинасын, физика ҳәм химияның элементар курсларын, фотографияны, дактилоскопияны, оқ атар қуралларын ҳәм партлаўшы затларды ҳәм әлбетте, жынайый техника ҳәмде тактиканы толық билиўи керек»[33] .

Соған уқсас усыллар ҳәзирги күнде де раўажланған демократиялық мәмлекетлерде қолланылмақта. Француз полициясында бул роль «қыдырыў ҳәм қолға алыў бригадалары» (БРИ)ға берилген болып, оның хызметкерлери жынайый орталықты иштен гүзетеди. Швейцарияда соңғы жылларда криминал орталыққа әпиўайы агентлер менен бир қатарда, полицияның «кротлар» деп аталыўшы штаттағы хызметкерлери де жайластырылмақта. Венгрия полициясында криминал дуняда ислеў ушын арнаўлы таярланған конспирация қылынған хызметкерлердиң бөлимлери бар. Гамбург криминал органы арнаўлы (ОП) бөлиминиң оператив искерлиги криминоген орталықта сондай деп аталыўшы «жабық хызметкерлер»ден пайдаланыўға тийкарланған. Басқа мәмлекетлердиң арнаўлы полиция ҳизметлери де тап сондай ис алып барады.

Америка жынаят ҳуқықы қалбеки қатнасыўшының жуўапкерлигин бийкарлайды, себеби оның ҳәрекетлеринде жынайый қаст жоқ ҳәм ол жынаят ислеўде айыпкер болмайды. Буннан тысқары бул мәмлекеттиң ҳуқықы белгили бир шәраятларда шахсты жынайый жуўапкершиликке

[33] Якимов И.Н. Практическое руководства к расследованию преступлений. -М.: 1924. –Б.140.

тартыў мақсетинде оны жынаят ислеўге шақырыўшы ҳәрекетлерин әмелге асырыўға рухсат береди.

Жоқарыда көрсетилген жәҳән мәмлекетлери тәжирийбесинен сол нәрсе көринеди, ҳәр қандай мәмлекетте заманагөй илимий-техника қураллары менен тәмийинленген, түрли тараўдағы билим ҳәм көнликпелерге ийе болған сорастырыў органының бир бөлими болған оператив-қыдырыў хызмети(түрли мәмлекетлерде ҳәр түрли аталады) бар болады.

Сорастырыў дәслепки тергеў искерлиги киби жынаят процессуал нызамы тийкарында әмелге асырылады. Жынаят иси жүзесинен дәслепки тергеў ҳәм сорастырыў материаллары әҳмийетли орынға ийе.

Сорастырыў органларының көрсетилген мәжбүриятларын орынлаў бойынша искерлигин еки бағдар: жынаят-процессуал ҳәм оператив-қыдырыў дүзеди.

Өз нәўбетинде, сорастырыў органларының жынаят процессуал искерлиги жынаятлар ҳаққындағы арза (мағлыўмат)ларды көрип шығыў, шешиўди, жынаят исин қозғатыўға басқа себеплер бар екенлиги бойынша тексериў ҳәрекетлери, тергеўшиниң тапсырмасына көре қыдырыў ҳәм тергеў ҳәрекетлерин өткериўди, тергеўшилер тәрепинен өткерилетуғын айырым тергеў ҳәрекетлеринде қатнасыўды өз ишине алады.

Жынаят процессинде сорастырыў органларының процессуал ҳүжжетлери тергеўшиниң ҳүжжетлери киби юридикалық әхмийетке ийе.

Жынаят ислери бойынша сорастырыў дәслепки тергеўге жәрдем бериўши басланғыш басқыш есапланады. Жынаят белгилери бар болса, сорастырыў органы жынаят исин қозғатады ҳәм жынаят ислерин анықлаў ҳәм беккемлеў бойынша кешиктирип болмайтуғын көзден кешириў, тинтиў, алып қойыў ҳәм басқа тергеў ҳәрекетлерин өткизеди.

Жынаят ислери бойынша сорастырыў жынаят иси қозғатылған күннен баслап 10 күннен артық алып барылыўы мүмкин емес. Бул мүддет өтиўи менен ис тийисли тергеў бөлими(тергеўши)не дәрҳал жиберилиўи керек.[34]

[34] Иноғомжонова З.Ф. Жиноят процесси. Махсус қисм. -Т.: ТДЮИ, 2003. –Б.25.

Сорастырыўшы исти тергеўге тийислилигине қарап өткериў ҳаққында қарар шығарады.

Ислер тергеўшиге өткерилгенинен кейин, сол ис бойынша сорастырыў органы тәрепинен қыдырыў ҳәрекетлери тергеўшиниң тапсырмасына тийкарынан өткериледи.

Бәрше сорастырыў органлары тең процессуал ўәкилликлерге ийе. Лекин олардың өзи ўәкилликлери шеңберинде ис алып барады. Мәселен, милиция хызмет көрсететуғын аймақта яки темир жол участкасында, порт яки аэропортта жынаятқа тийисли хабарларды көрип шығыў ҳәм ишки ислер органлары ҳәм прокуратура тергеўшилери тийисли ислер бойынша сорастырыў жумысларын алып барыўы мүмкин.

## 2.2. Сорастырыўшының процессуал жағдайы

Сорастырыў органы, сорастырыў органының баслығы ҳәм сорастырыўшы жынаят исин жүритиўге жуўапкер болған мәмлекеттиң мәпдар органлары ҳәм шахслары қатарынан орын алған. Олардың процессуал ўәкилликлери ҳәм ҳуқықый статусы ЖПКде белгилеп қойылған. Сорастырыўшы исленген яки таярланып атырған жынаятлар ҳаққындағы арза ҳәм хабарларды қабыл қылыў ҳәм олар тийкарында жынаят исин қозғатыўға, жынаят ислеўде айыпланыўшыларға процессуал мәжбүрлеў шараларын қоллаўға, услап турыўға, тергеўшиниң тапсырмасы менен кешиктирип болмайтуғын тергеў ҳәрекетлерин өткериўге ҳақлы. ЖПК 339, 340-статьяларында сорастырыўшы тәрепинен жынаят иси қозғатылғаннан кейин, әмелге асырылатуғын тергеў ҳәрекетлериниң дизими берилмеслиги дурыс шешилген. Сорастырыўшы сорастырыў ҳәм тергеў ҳәрекетлерин, сол қатардан: гүман қылыныўшы, гуўа ҳәм жәбирлениўшини сорастырыў; жүзлестириў; танып алыў ушын көрсетиў; ҳәдийсе орнын көзден кешириў; өлини эксгумация қылыў: эксперимент; алып қойыў; тинтиў; телефон ҳәм басқа сойлесиў қурылмалары арқалы алып барылатуғын сойлесиўлерди еситип турыў; экспертиза тексериўи ушын үлгилер алыў; нәрселер ҳәм

ҳүжжетлерди тапсырыў киби тергеў ҳәрекетлерин өткериўди басқа сорастырыўшыға тапсырыўы мүмкин. Жынаят процессуал нызамды көрип шығып, сондай жуўмаққа келиў мүмкин, тергеўши ҳәм сорастырыўшының процессуал ўәкилликлери бир-биринен парық қылмайды, тек ғана сорастырыўшы шахсты айыпланыўшы сыпатында жынаят исинде қатнасыўшы сыпатында тартыў мүмкин емес.[35]

Сорастырыўшы түсиниги тергеўшиниң тапсырмасына тийкарынан оператив-қыдырыў тәдбирлери өткизетуғын хызметкерди өз ишине алмайды.[36] Илгерилери де Жынаят-процессуал кодексине сорастырыўшының ўәкилликлери көрсетилген өзгеше статья киритилиўи усынылыўы мүмкин еди.[37] Ҳәзир бундай статья Өзбекистан Республикасы ЖПКде көрсетилген (ЖПКниң 37-статьясы).

ЖПКниң 38-статьясына көре ҳәр бир сорастырыў органының баслығы жынаят исин қозғатыўға, бул исти өзиниң ис жүритиўине қабыл қылыў ҳәм сорастырыўды баслаўға яки өзине бойсыныўшы басқа хызметкерге сорастырыў жумысларын алып барыўды тапсырыўға яки исти қозғаўды бийкар етиў яки арзаны, мағлыўматты тергеўге тийислилигине көре өткериўге ҳақлы.[38]

Сорастырыў органы баслығының тапсырмасына көре ҳәм оның басшылығында ислеп атырған сорастырыўшы ис бойынша ЖПКниң 339-статьясында нәзерде тутылған ўазыйпаларды орынлаў ушын зәрүр, кешиктирип болмайтуғын бәрше тергеў ҳәрекетлерин әмелге асырыўы зәрүр.

«Сорастырыў органларының тийкарғы мийнети социаллық қәўип туўдыратуғын ислерди жүритиў искерлиги болып табылады. Бул ислер бойынша кешиктирип болмайтуғын ҳәрекетлерди өткериў шәрт ҳәм бул

[35] Процессуальное положение дознавателя. Ресурс: http://www.allpravo.ru/diploma/doc47p0
[36] Рыжаков А.П. Орган дознания: понятие и проблемы // Юридический мир. - 2002. - № 1. - Б.39-43
[37] Сергеев А.Б. Особенности формирования органов дознания в России // История государства и права. - 2002. - № 5. - Б.39-46.
[38] Иноғомжонова З.Ф. Жиноят процесси. Умумий қисм. -Т.: Янги аср авлоди, 2002. –Б.114.

ислердиң жетискенлиги сорастырыў органларының үлкен ҳәм қурамалы ўазыйпаларды орынлаўы менен байланыслы».[39]

Сорастырыўшы тергеўши алып барып атырған ис бойынша белгиленген қағыйдаларға әмел қылып, тергеў ҳәрекетлерин алып барады ҳәм қарарлар шығарады. Сорастырыў органының баслығы да, егер ол сорастырыўшының ўазыйпаларын орынлап атырған болса, тап сол қағыйдаларға әмел қылады. Сорастырыўшының қарары сорастырыў органының баслығы тәрепинен тастыйықланыўы лазым. Сорастырыў органы баслығының жазба көрсетпеси сорастырыўшы ушын мәжбүрий есапланады. Сорастырыўшы бул көрсетпеге наразы болса, көрсетпени орынлаўды тоқтатпай турып, бул көрсетпе үстинен прокурорға шикаят қылыўға ҳақлы. Төмендеги жынаятлар исленген жағдайларда, сорастырыў органлары республика прокуратурасына хабар жиберилиўин тәмийинлеўи шәрт: темир жол, ҳаўа ҳәм суў транспортларында, санаат, қурылыс ҳәмде аўыл хожалығында жүз берген шахслардың набыт болыўына яки көп муғдарда материаллық зыян жетиўине себеп болған бәрше жағдайлар; анағурлым зыян жеткизилиўине себеп болған партлаўлар, өртлер ҳәм тарқалған кеселликлер ҳәмде зәҳәрлениўлер жүз бергенлиги; қураллар, партлаўшы затлар, әскерий техникалар, партлаў үскенелери ҳәм басқа затлардың талан-тараж қылынғанлығы, сондай-ақ, бундай қуралларды қолланғанлығы; гиябентлик затлардың яки психотроп қуралларды́ң талан-тараж қылынғанлығы, сондай-ақ гиябентлик затлар менен көп муғдарда бизнести әмелге асырыў; шөлкемлескен жынайый топарлар тәрепинен исленген бәрше жынаятлар; келип шығыўына қарамастан, улыўмалық тәртипсизликлер; террор ҳәм экстремистик искерликлер, ҳаўа кемесин ийелеў яки буған кастыяңлық қылыў, шахсты гиреў сыпатында тутқынлыққа алыў; прокуратура, суд, әдиллик, ишки ислер ҳәм Миллий қәўипсизлик хызмети органлары, тәлим–тәрбия мекемелери, Мәмлекет салық басқармасы хызметкерлери, сондай-ақ, ҳәкимият ҳәмде басқарыў органларының жуўапкер шахслары тәрепинен

---

[39] Иванов В.А, Дознание в уголовном процессе. –Л.: ЛГУ, 1966. –Б.33.

isленген бәрше жынаятлар; еркинен айырыў орынлары ҳәм арнаўлы тәрбия мекемелеринде исленген улыўмалық тәртипсизлик, Қураллы топар болып қашыў жағдайлары, сондай-ақ, тәлим–тәрбия мекемелери жумысларын изден шығарыўға қаратылған ҳәм аўыр ақибетлерге алып келген ҳәрекетлер ҳаққында; сырт еллер дипломатик ўәкиллиги банклер менен байланыслы жынаятлар, сондай-ақ шет ел пуқаралары тәрепинен яки оларға исленген жынаятлар; тергеў өткериўде нызамсыз усыллардың қолланылғанлығы, биле турып нызамсыз услаў, қамаққа алыў, тийкарсыз жынайый жуўапкершиликке тартыў ҳәм басқа жоллар менен нызамды қопал рәўиште бузылғанлығы; қастан адам өлтириў; намысқа тийиў; өз-өзин өлтириў ҳәм қастыяңлық қылыў; дәмегөйлик мақсетинде адам өлтириў; ҳуқық қорғаў органлары, ҳәкимият ҳәм басқарыў органлары хызметкерлери, бақлаў органлары, ғалаба хабар қураллары ўәкиллери, сиясий ҳәм жәмәәт ғайраткерлерине қарата, оларды хызмет искерликлери менен байланыслы жағдайларда исленген жынаятлар; жүдә көп муғдарда талан-тараж қылыў; парахорлық; қәлбеки пуллар таярлаў ҳәм сатыў; миллий, расалық яки диний келиспеўшиликлер тийкарында исленген жынаятлар ҳаққында.

Прокурордың жазба көрсетпесине сорастырыў органының баслығы ҳәм сорастырыўшы разы болмаған тағдирде, көрсетпени орынлаўды тоқтатпай турып, оның үстинен жоқары турыўшы прокурорға шикаят қылыўға ҳақлы.

Сорастырыў органы баслығы жеке өзи жынаят исин тергеўи, ол бойынша нызамда нәзерде тутылған ҳәр қандай шешиўши карарларын қабыл қылыўы мүмкин. Бундай жағдайларда ол сорастырыў органына, сондай-ақ сорастырыўшыға берилген ўәкилликлерге әмел қылған жағдайда ис көреди.

Сорастырыўшы - белгили бир ҳуқық ҳәм мәжбүриятлар берилген процессуал шахс есапланады. Сорастырыўшы исти өзиниң жүритиўине қабыл қылады. Ол сорастырыў органы баслығының бақлаўы астында

ислейди, лекин соның менен бир ўақытта белгили бир еркинликке ийе.[40] ЖПКниң 39-статьясында тийкарынан сорастырыўшы алып барып атырған ис бойынша ҳәр қандай пуқараны тергеў ушын яки экспертты яки қәнигени ис бойынша жуўмақ бериў ушын шақырыў, көзден кешириў, тинтиў, алып қойыў ҳәм басқа нызамда нәзерде тутылған тергеў ҳәрекетлерин өткериў, мекемелерден, шөлкемлерден ис бойынша керекли ҳақыйқый мағлыўматларды анықлап алатуғын нәрселерди, ҳүжжетлерди көрсетиўди ҳәмде тексериўлер өткериўди талап қылыўы мүмкин.

Сорастырыўшы нызамға әмел қылған жағдайда дәлийллерди, ис ҳалатларының жыйнағын ҳәр тәреплеме толық ҳәм обьектив көрип шығыўға тийкарланып, өзиниң ишки исенимине таянып баҳалайды.

Сорастырыўшыға ис жағдайларын толық, ҳәр тәреплеме ҳәм объектив анықлаў ушын нызамда нәзерде тутылған бәрше шараларды көриў, гүман қылыныўшыға өзин қорғаў ушын нызамда белгиленген қураллар ҳәм усыллар менен, оның шахсый ҳәм мүлкий ҳуқықларын қорғаўды (ЖПКниң 24-статьясы) исте қатнасып атырған басқа шахсларға түсиндириў ҳәм олардың ҳуқықларын тәмийинлеў мәжбүрияты жүклетилген (ЖПКниң 100-статьясы ).

Жоқарыда айтып өткенимиздей, ис бойынша прокурордың көрсетпелери сорастырыў органы киби сорастырыўшыға да тийислилигин, олар көрсетпелерин орынлаўды тоқтатпай турып, жоқары прокурорға олардың үстинен шикаят бериўге ҳақлы екенлиги ЖПКниң 39-статьясында нәзерде тутылған. Бул қағыйда прокурордың ЖПКниң 382-статьясы 13-бәнтинде нәзерде тутылған тәртипте сорастырыўшыны, сорастырыў органы баслығыны тергеўден шетлетиў, өзиниң қәлеўине қарап сорастырыў жумысларын алып барыўды өзине бойсыныўшы қурам ишинен басқа бир шахсқа тапсырыў ҳуқықынан айырмайды.

---

[40] Система органов дознания в уголовном процессе России //Уголовно-процессуальный кодекс РФ - год спустя: тезисы докладов и выступлений на научно-практической конференции. 24 октября 2003 г. / Под общ. ред. В.П. Сальникова. -СПб.: Санкт-Петербургский университет МВД России, 2003.-Б.24; Брусницин Л.В. Правовое обеспечение безопасности лиц, содействующих уголовному правосудию. - М.: Спарк, 1999. – Б..94; Белкин Р.С. Профессия следователь . - М.: Экспертное бюро, 1998. -Б.96.

Тийкарынан сорастырыў органы сыпатында процессуал искерликтиң көпшилик бөлимин милиция әмелге асырады. Өзбекистан Республикасы ИИМ буйрығы менен сорастырыў өткериў сорастырыў бойынша хызметкер ҳәм профилактика хызмет ўәкиллерине, ис бағдары ҳәм хызметке байланыслы рәўиште жынаят-қыдырыў бөлимлерине, жәмәәт тәртибин сақлаў хызметкерлерине жүклетиледи. Қәнигелескен (милиция) сорастырыў бөлимлери  көпшилик аймақлық ишки ислер органларында: қала ҳәм районлар басқармалары ҳәм бөлимлеринде;  бир қатар ҳәкимият ишки ислер басқармаларында; Өзбекистан Республикасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасы ИИМде ис алып барады.

Өзбекистан Республикасы ЖПКниң 339-статьясында сорастырыў органлары орынлаўы лазым болған тийкарғы ўазыйпалар белгиленген болып, олар төмендегилерден ибарат:

– жынаяттың алдын алыў яки оған жол қоймаў;

– дәлийллерди топлаў ҳәм сақлаў;

– жынаят ислеўде гүман қылыныўшыларды услаў ҳәм жасырынған гүман қылыныўшыларды ҳәмде айыпланыўшыларды қыдырып табыў;

– жынаят себепли жеткизилген материаллық зыянның қапланыўын тәмийинлеў ушын кешиктирип болмайтуғын тергеў ҳәрекетлерин жүритиў.

Сорастырыў органлары жууапкершилигине жынаят излерин ҳәм жынаят ислеген шахсларды табыў, ЖПКниң қағыйдаларына муўапық тексерип шығылғанынан соң жынаят иси жүзесинен дәлийл сыпатында пайдаланыўы мүмкин болған мағлыўматларды анықлаў мақсетинде илимий-техника қуралларын қўллаган жағдайда зәрүр шараларды көриў жүклетиледи.[41] Ишки ислер ҳәм миллий қәўипсизлик хызмети органлары бул мақсетте оператив қыдырыў шараларын да көриўге ҳақлы.

Қурамалы жынаятларды ашыў ҳәм тергеў ҳәрекетлерин алып барыўда

---

[41] Суслов В.М. Вопросы регламентации деятельности органов дознания в УПК РФ // Новый уголовно-процессуальный закон: теория и практика применения: Материалы межведомственного «круглого стола». - М.: Изд-во Моск. ун-та МВД России, 2003. - Б.100-104.

тергеў-қыдырыў топарларының дүзилиўи жүдә үлкен нәтийже береди. Лекин жынаят-процессуал нызамында оператив-қыдырыў хызметкерлерин тергеў топарларына киритилиўи ҳаққында ҳеш нәрсе дейилмеген. Бизиң пикиримизше, Өзбекистан Республикасы ЖПКниң 354-статьясының 2-бәнтине төмендегише қосымша киритиў лазым: «Зәрүр болған жағдайларда прокурор, ишки ислер органы яки МҚХ баслығы арнаўлы шөлкемлестирилген тергеў топарлары қатарына сорастырыў органы ўәкиллерин қосыўы мүмкин».

Тергеў ҳәрекетлериниң оператив-қыдырыў ҳәрекетлери менен тығыз жағдайда алып барылыўы жынаят судлаў жумысларын сапа жағынан жақсылаўға хызмет қылыўшы факторларынан бири болып табылады.

Сорастырыў дәслепки тергеў процесси ушын жәрдемши оператив-қыдырыў, жынаяттың алдын алыў ҳәм жынаят иси бойынша бар дәлийллерди жыйнап, оларды сақлап қойыў, жынаят ислеген гүман қылыныўшы шахсларды анықлаў, қашқан айыпланыўшыларды табыў ҳәм қолға алыў, жынаяттан келтирилген зыянды қаплаў мақсетинде өткерилетуғын ҳәрекетлер системасы болып, тиккелей дәслепки тергеў алдына қойылған ўазыйпаларды әмелге асырыўға жәрдем береди.

Топланған дәлийллерден төмендеги мақсетлерде пайдаланыў мүмкин:

– жынаят исин қозғатыў ушын себеп, тергеў ҳәм суд ҳәрекетлерин әмелге асырыўы ушын тийкар сыпатында;

– жынаят-процессуал нызам ҳүжжетлериниң дәлийллерди топлаў, тексериўин ҳәм баҳаланыўын тәртипке салыўшы қағыйдаларына тийкарынан жынаят иси бойынша дәлийиллеўде, сорастырыў, тергеў ҳәм суд органларынан жасырынып жүрген, сондай-ақ, жазаны өтеўден бас тартып атырған ҳәмде бийдәрек жоғалған шахсларды қыдырыўда.

Оператив-қыдырыў искерлиги нәтийжелеринен жынаят иси бойынша дәлийиллеўде пайдаланыў олардың өз нәўбетинде сорастырыў органлары, тергеўши, судқа корсетилиўин нәзерде тутады. Яғный, оператив-қыдырыў искерлик нәтийжелери белгили бир жынаят исин тергеўге ўәкиллиги бар

болған прокурорға яки тийисли дәслепки тергеў органларына тапсырылады.[42]

Россия Федерациясының «Оператив-қыдырыў искерлиги ҳаққында»ғы нызамның 11-статьясында «Оператив-қыдырыў искерлиги нәтийжелери жынаят исин қозғатыў ушын себеп ҳәм тийкар болып хызмет қылады» - деген қағыйданың бар екенлиги тийкарлы наразылықларға себеп болмақта. Себеби бир хабардың өзи жынаят исин қозғатыў ушын ҳәм себеп, ҳәм тийкар бола алмайды.[43] Оннан тысқары, ЖПКнен тысқары басқа нызам ҳүжжетлериндеги себеп ҳәм тийкарлар менен жынаят исин қозғатыўға жол қойылмайды. Оператив-қыдырыў искерлиги нәтийжесин жынаят исин қозғатыўдың себеп ҳәм тийкары деп қараў ушын, оған процессуал статус берилиўи талап етиледи.

Жынаят ислерин тергеў процессинде тергеўши оператив жол менен алынған мағлыўматларға ийе болар екен, олардан тергеў ҳәрекетлерин әмелге асырыўда яки жынаят ислеринде дәлийллер сыпатында пайдаланыўы мүмкин. Тергеўши тәрепинен оператив-қыдырыў искерлиги нәтийжелеринен пайдаланыў ҳеш қандай қыйыншылық туўдырмайды. Себеби бул ҳүжжетлер ғәрезсиз әхмийетке ийе болмай, тек ғана тергеўди бағдарлаў ушын хызмет қылады. Бунда усы мағлыўматлардан оларды жасырыў тәризинде алынғанлығын әшкара етпестен пайдаланыў машқаласы туўылады. Тергеўшиге жынаяттың процессуал жол менен дәлийилленбеген жағдайлары ҳаққындағы, гүман қылыныўшы (айыпланыўшы)ның шериклери ҳаққындағы ҳәмде жынаят ислеў қураллары ҳаққындағы ҳәм соған уқсас басқа мағлыўматлар тапсырылыўы мүмкин. Бундай мағлыўматларды қолға алғаннан кейин, тергеўши гүман қылыныўшы(айыпланыўшы)ны қосымша сорастырыў, тинтиўди дурыс өткериў ҳәм басқа тергеў ҳәрекетлерин

---

[42] Зажицкий В.М. Использование результатов оперативно-розыскной деятельности./Комментарий к Федеральному закону «Об оперативно-розыскной деятельности» – М.:1997. –Б.108.

[43] Гриненко А.В. Об использовании результатов оперативно-розыскной деятельности при производстве по уголовным делам./ Обеспечение прав и свобод человека и гражданина в деятельности правоохранительной системы. / Материалы международной научно-практической конференции. –Белгород: 1998. –Б.217.

өткериў нәтийжесинде зәрүр дәлийллерди топлаў[44] имканиятына ийе болады.

Тергеўши жынаят ислеген шахс анықланбаған жынаятлар жүзесинен сорастырыў органларына жынаят ислеўде гүман қылыныўшы шахсты тергеў ҳәрекетин тапсырыўы мүмкин. Себеби сорастырыў органлары оператив мағлыўматлар менен жақсырақ танысқан ҳәм олардан пайдаланыў көнликпелерине ийе екенлиги ушын да, мағлыўматлардан жетерли пайдаланған ҳалда сорастырыў процессинде ҳақыйқый көрсетпелер ала биледи.

Бир қатар оператив-қыдырыў тәдбирлерин әмелге асырыў процессинде қолға киритилген жынаят ислеген шахслар ҳаққындағы дәслепки мағлыўматлар жынаят иси бойынша дәлийллерди топлаў ҳәм тексериўге қаратылған келеси тергеў ҳәрекетлерин дурыс таңлаўға жәрдем бериўши бағдарлаў ўазыйпасын орынлайды.[45]

Бәрше кешиктирип болмайтуғын тергеў ҳәрекетлери сорастырыў процессинде, нызамның талапларына толық сәйкес болған жағдайда өткериледи. Сорастырыў искерлиги дәслепки тергеў искерлигине бойсынады ҳәм оның алдында жуўапкер болып табылады. Тергеўши сорастырыў жумысларын алып баратуғын шахс үстинен процессуал гүзетиў алып барыў ҳуқықына ийе ҳәм сорастырыўшы оның жазба тапсырмаларын өз ўақтында, сапалы, нызам талапларына бойсынған ҳалда орынлаўы шәрт.

Сорастырыў органларының дәслепки тергеў органлары менен түрли қатнасықлар байланыстырып турады. Сол қатнасықларды төменде көрип өтемиз.

Ишки ислер органларына тийисли болған сорастырыў органлары исленген жынаят бойынша сорастырыў жумысларын алып барғанынан соң, жынаят иси материалларын тергеў органларына тапсырады. Егер исленген жынаят прокуратура органлары тәрепинен тергелиўи анық болса, ондай

---

[44] Громов Н.А., Франциforов Ю.В., Гришин А.И. Основные направления использования результатов оперативно-розыскной деятельности в процессе доказывания.// Следователь. -1999. -№11. –Б.39.
[45] Азизходжаев Б.А. Оценка доказательств в уголовном процессе. -Т.: Ўзбекистон, 1995. -Б.55.

жағдайда материаллар прокуратура органларының тергеўшилерине тапсырылады. Миллий қәўипсизлик хызмети органларына ишки органларының сорастырыў органлары оларға тийисли болған жынаят ҳаққындағы мағлыўматқа ийе болса, сол ўақыттың өзинде усы органларға хабар қылып, сорастырыў органларында бар болған ҳәм усы жынаятқа байланыслы материалларды дәрҳал берип жибериўи лазым.

Әскерий бөлимлер, бирлеспе командирлери ҳәм әскерий оқыў орынларының баслықлары усы бөлим, бирлеспе ҳәм оқыў орынлары аймақларында исленген ҳәм әскерий ҳызметке байланыслы шахсларға жынаят иси материалларын әскерий прокуратура тергеўшилерине берип жибериўи лазым. Егер оларға тийисли аймақта басқа тергеў органына байланыслы жынаят исленген болса, бул жынаятларды тергеў Өзбекистан Республикасы ЖПКниң 345-статьясы талапларына көре тийисли тергеў органларына жиберилиўи керек.

Миллий қәўипсизлик хызмети органлары олар тәрепинен қозғатылған жынаят ислери бойынша материалларды миллий қәўипсизлик хызмети органларының дәслепки тергеў органына тапсырыў мәжбүриятына ийе.

Жазаны орынлаў системасын басқарыў органларының баслықлары, қамақ тәризиндеги жазаны орынлаў мекемелери, жазаны орынлаў колониялары, тәрбия калониялары, тергеў изоляторлары яки түрмелердиң баслықлары, өртке қарсы мәмлекет бақлаўы органлары, шегараны қорғаў органлары, теңиз кемелериниң капитанлары ҳәм басқалар оларда болған жынаят ислерин дәслепки тергеў органларына ЖПКниң 345-статьясының тергеўге тийислилигине қарап нызамда көрсетилген тергеў органына жибериў мәжбүриятына ийе.

Теңиз кемелериниң капитанлары, узақ жүзиўде болған теңиз кемелериниң капитанлары ҳәм қыс мәўсиминен өтиў процессинде қалып кеткен топар басшылары тәрепинен өткерилетуғын сорастырыў ҳәрекетлери, егер усы шахслар тәрепинен дәслепки тергеў органларына материалларды нызамда көрсетилген мүддет бойынша сорастырыў өткизип, 10 күн ишинде

тийисли тергеў органларына материалларды берип жибериўге имканияты болмаса, ондай жағдайда ЖПКниң 364-статьясының 3-бәнтине тийкарланып сорастырыў ҳәрекетлерин тоқтатады ҳәм Өзбекистан Республикасы аймағына жетип барғаннан соң усы жынаяттың ис материалларын дәслепки тергеў органларына ЖПКниң 345-статьясының талапларына бойсынған ҳалда тапсырады.

Сорастырыў органлары оларға нызам тәрепинен белгиленген он күн ишинде, яғный сорастырыў процессинде иске зәрүр болған ҳәр қандай кешиктирип болмайтуғын тергеў ҳәрекетин әмелге асырыўға ҳақлы. Сондай-ақ, сорастырыў органлары оператив-қыдырыў ҳәрекетлерин де әмелге асырыў ҳуқықына ийе. Сорастырыў органлары тәрепинен орынланатуғын бәрше тергеў ҳәм оператив-қыдырыў ҳәрекетлери ўақтында нызам талапларына бойсынылыўы шәрт.

Өзбекистан Республикасы Мәмлекетлик салық инспекциясы органлары да сорастырыў органлары қатарынан орын алған. Олар салық төлеўден бас тартыў ҳәм экономикалық жынаятлар бойынша сорастырыў жумысларын алып барады ҳәмде тийисли тергеў органына жынаят исин тапсырыўға мәжбүр.

Гүман қылыныўшылар, айыпланыўшыларды қыдырыў, жынаят ислеўде гүман қылыныўшыларды услап турыў ҳәрекетлери сорастырыў органлары тәрепинен тергеў ҳәм оператив-қыдырыў шаралары менен ҳәмде тийисли техник қуралларын қоллаў менен биргеликте өткерилиўи мүмкин.

Жынаят себепли жеткизилген материаллық зыянның қапланыўын тәмийинлеў мәселелери, тинтиў, алып қойыў, мүлкти хатлаў, усы мәселелерге тийисли сорастырыўларды өткериў ҳәрекетлери де сорастырыў органы тәрепинен орынланады.

### 2.3. Сорастырыўды өткериў тәртиби

*Сорастырыўдың басланыўы.* Өзбекистан Республикасы ЖПКниң 340-статьясының талапларына муўапық, сорастырыўшы жынаят исин

қозғатқаннан кейин яки тергеўши, прокурор ямаса сорастырыў органының баслығы тәрепинен қозғатылған исти алғаннан кейин, дәрҳал оны өз жумысына қабыл қылады ҳәм кешиктирип болмайтуғын тергеў ҳәрекетлерин орынлаўға кириседи.

Сорастырыўдың басланыўы жынаят исин қозғатыўдан соң бул исти сорастырыўшыға тапсырыў ўақтынан басланады. Сорастырыўшының өзи де жынаят исин қозғатып, өз жүритиўине усы исти алып, сорастырыў жумысларын баслаўына нызам тәрепинен жол бериледи.

Қозғатылған исти сорастырыўшыға тапсырыў ўәкиллигине сорастырыў органының баслығы, тергеўши, прокурор ямаса ЖПКниң 339-статьясында көрсетилген шахслар ийе.

Сорастырыўшы жынаят исин өзине алғанынан соң, дәрҳал кешиктирип болмайтуғын тергеў ҳәрекетлерин өткериў мәжбүриятына ийе болады. Кешиктирип болмайтуғын тергеў ҳәрекетлериниң мақсети жынаятты ашыў, жынаятшыны анықлаў ҳәм оны услаў, келтирилген зыянды қаплаў, ис бойынша әҳмийетли болған дәлийллерди анықлап, таўып, оларды алып қойыў ҳәм сақлаўдан ибарат болады.

*Сорастырыў жумысларының мүддети.* Сорастырыўшы исти өзине алғаннан соң, жынаят-процессуал нызамында көрсетилген ҳуқық ҳәм мәжбүриятлардан пайдаланыў ҳуқықына ийе болады, бирақ сорастырыў жумысларының мүддети 10 суткадан аспаўы керек. Өзбекистан Республикасы ЖПКниң 341-статьясы талапларына көре, 10 суткада сорастырыў жумысларын тамамлаў имканияты болмаса, сорастырыў процесси дәслепки тергеў процесси менен алмасады ҳәм сорастырыў органы дәслепки тергеў процессинде үлгермеген тергеў ҳәм басқа ҳәрекетлерди әмелге асырыў мәжбүриятына ийе болады.

«Соны айтып өтиў керек, сорастырыў мүддетин узайтыў – жүдә кемнен-кем жағдайларда ушырайтуғын ҳәдийсе болып табылады. Сорастырыў органы басқарыўында қурамалы болмаған ислер бериледи ҳәм узақ ўақыт талап етпейди. Бул ислер дәслепки тергеўдиң улыўма

қағыйдалары бойынша алып барылады. Егер ис қурамалы болса, ол тергеўшиге дәслепки тергеўди алып барыў ушын өткериледи». [46]

Сорастырыў жумысларын жүритиў мүддетин бақлаў сорастырыў органы яки тергеў органының баслығына, тергеўши ҳәм прокурор жуўапкершилигине жүклетиледи.

Узақ мүддетли теңиз жүзиўлеринде, қыс мәўсиминен өтиў процесслеринде сорастырыў жумысларын жүритиў мүддети сорастырыў жумысларын алып баратырған шахс тәрепинен тоқтатылыўы мүмкин. Егер сорастырыў материалларын тийисли тергеў органларына тапсырыў мәселеси шешилмей қалған болса, тергеў органларынан аймақ жағынан узақта жайласқанлығы факторы бойынша жынаят иси тоқтатылады.

*Сорастырыў жумысларын тамамлаў.* Өзбекистан Республикасы ЖПКниң 342-статьясына көре сорастырыў жынаят исин тергеўшиге өткериў менен тамамланады. Төмендеги жағдайларда сорастырыў жумысларын жүритиў мүддети өтиўин күтпестен сорастырыўшы исти дәрҳал тергеўшиге өткериўи лазым, егер:

– аўыр яки оғада аўыр жынаят анықланған болса;

– белгили бир шахсты айыпланыўшы сыпатында исте қатнасыўға тартыў ушын тийкарлар анықланған болса;

– исти тамамлаў ушын тийкарлар анықланған болса;

– тергеўши исти өз жүритиўине алыўды талап қылған болса.

Сорастырыўшы исти тергеўшиге өткериў ҳаққында қарар шығарады.

Аўыр яки оғада аўыр жынаят исленгенлиги анықланған болса, сорастырыўшы исти тергеўшиге өткериў қарарында усы жынаяттың тәрийпин келтиреди ҳәм соған тийкарланып исти тергеўшиге өткизеди. Аўыр яки оғада аўыр жынаят бойынша дәслепки тергеў ҳәрекетлери тезлик пенен алып барылыўы керек, бунда тергеўшиге сорастырыў органы тийисли тергеў ҳәм оператив-қыдырыў шараларын көриў менен жәрдем береди,

---

[46] Селютин А.В., Григорьев В.Н. Подследственность в уголовном процессе. -М.: Книжный мир, 2002. –Б.18-26

ҳәмде өз ўақтында тергеўшиниң тапсырмаларын әмелге асырады.

Исти тамамлаў ушын тийкарлар, яғный ЖПКниң 83 ҳәм 84-статьяларында нәзерде тутылған тийкарлар анықланған болса, сорастырыўшы исти тергеўшиге өткериў ҳаққындағы қарарында усы тийкарларды келтириўи лазым. Зәрүр болса, усы тийкарлар қандай жағдайлар менен байланыслылығы көрсетип өтилиўи мүмкин.

Егер тергеўши исти өзи жүритиўи ушын аўызеки яки жазба рәўиште алып барылыўын талап қылса, сорастырыўшы исти өткериў ҳаққындағы қарарында тергеўши тәрепинен аўызеки яки жазба рәўиште одан исти талап қылып алынғанлығы ҳаққындағы мағлыўматты көрип, тергеўшиге усы қарар менен бирге жынаят исин тапсырады.

Тергеўшиниң тергеў ҳәм қыдырыў ҳәрекетлерин орынлаў ҳаққындағы тапсырмаларын сорастырыўшы тергеўшиниң орынлаў шәртлери, тәртиби ҳәм мүддети ҳаққындағы көрсетпелерине муўапық орынлаўы шәрт.

Тапсырманы белгиленген мүддетте орынлаў имканияты болмаса, сорастырыўшы бул ҳаққында тергеўшини хабардар қылады ҳәм орынлаў мүддетин узайтыўды яки орынлаў шәртлерин ҳәм усылларын өзгерттириўди илтимас қылады.

Тергеўшиниң талабына тийкарланып сорастырыўшы тергеў ҳәрекетлерин жүритиўде оған жәрдем бериўи, сондай-ақ жынаят иси ушын әхмийетке ийе болыўы мүмкин болған ҳүжжетлер ҳәм басқа материаллар менен таныстырып шығыў яки иске қосып қойыў ушын тапсырыўы шәрт.

Тергеўши өзиниң бәрше тапсырмалары, көрсетпе ҳәм талапларын сорастырыўшыға сорастырыў органының баслығы арқалы жибереди.

Тергеўши сорастырыўшыға тийисли тергеў ҳәм қыдырыў ҳәрекетлерин өткериў ҳаққындағы жазба тапсырмалар, көрсетпелер ҳәм талаплар қойыўға ҳақлы. Сорастырыўшы тапсырмаларды өз ўақтында, анық көрсетилген шәртлер, тәртиплар ҳәм мүддет тийкарында орынлаўы шәрт. Тергеўши сорастырыўшыдан оған берилген тапсырма қандай орынланып атырғанлығы ҳаққында турақлы түрде хабардар болып, оны бақлаў

ҳуқықына ийе.

Сорастырыўшы тергеўшиниң тапсырмаларын белгиленген мүддетте орынлаў имканиятына ийе болмаса, бул ҳаққында тергеўшини аўызеки яки жазба рәўиште тапсырма мүддетин узайтыў яки орынлаў шәртлерин ҳәм усылларының узайттырылыўын илтимас қылыўы керек. Тергеўши сорастырыўшы тәрепинен рәсмийлестирилген жазба түрде алған илтимаснаманы көрип шығып, оған тийисли тапсырма белгилейди ҳәм өзиниң тапсырмасында оның мүддети, орынлаў шәртлери ҳәм усылларының өзгериўи яки өзгерместен қалдырылыўы ҳаққында хабар қылады ҳәмде тапсырманың қашан ҳәм қайсы сәнеде орынланыўын белгилеўи лазым. Тергеўши сорастырыўшыға айырым тергеў ҳәрекетлеринде қатнасыў, оған жәрдем бериў мәселеси бойынша да мүрәжәт етиўге ҳақлы. Сорастырыўшы тергеўшиге ис ушын әхмийетке тийисли итималы болған ҳүжжет ҳәм басқа материаллар тапсырыўы, буннан тысқары ис бойынша әхмийетке ийе болған материалларды тергеўшиге турақлы жеткерип турыўы лазым.

Сорастырыў органының баслығы, оның қол астында болған сорастырыўшылардың тапсырмалары үстинен бақлап барады ҳәм бул ҳаққында тергеўшиге  тиккелей жәрдем көрсетип турады. Сорастырыўшы сорастырыў органының баслығына тапсырмаларда белгиленген ўазыйпаның орынланыўы қай тәризде екенлигин хабар қылып турыўы лазым.

Тапсырманы орынлағанынан соң, сорастырыўшы сорастырыў органының баслығына бул ҳаққында аўызеки хабар қылады, тергеўшиге болса тапсырма орынланғанлығы ҳаққында жазба рәўиште тийисли жуўап береди.

Ишки ислер органларының сорастырыў ҳәм тергеў бөлимлери ортасында жынаятты тергеў мәселелери бойынша жүзеге келетуғын қатнасықлар ҳәм биргеликте ҳәрекет қылыў мәселелери Өзбекистан Республикасы ЖПКда белгиленген қағыйдалар тийкарында белгиленеди ҳәм Ишки ислер министрлиги шығаратуғын буйрықлар тийкарында алып барылады. ИИМ шығарған буйрықлар ЖПКниң талапларына толық

бойсынған жағдайда дүзилген болып, нызамның орынланыўына тийисли шәраятлар жаратыўы керек.

**Екинши бап бойынша жуўмақлар**

Сорастырыўшы - белгили бир ҳуқық  ҳәм мәжбүриятлар берилген процессуал шахс есапланады. Сорастырыўшы исти өзиниң жүритиўине қабыл қылады. Ол сорастырыў органы баслығының бақлаўы астында ислейди, лекин соның менен бир ўақытта белгили бир еркинликке ийе.

Сорастырыўшы алып барып атырған ис бойынша ҳәр қандай пуқараны тергеў ушын яки экспертты яки қәнигени ис бойынша жуўмақ бериў ушын шақырыў, көзден кешириў, тинтиў, алып қойыў ҳәм басқа нызамда нәзерде тутылған тергеў ҳәрекетлерин өткериў, мекемелерден, шөлкемлерден ис бойынша керекли ҳақыйқый мағлыўматларды анықлап алатуғын нәрселерди, ҳүжжетлерди көрсетиўди ҳәмде тексериўлер өткериўди талап қылыўы мүмкин. Сорастырыўшы нызамға әмел қылған жағдайда дәлийллерди, ис ҳалатларының жыйнағын ҳәр тәреплеме толық ҳәм обьектив көрип шығыўға тийкарланып, өзиниң ишки исенимине таянып баҳалайды. Сорастырыўшыға ис жағдайларын толық, ҳәр тәреплеме ҳәм объектив анықлаў ушын нызамда нәзерде тутылған бәрше шараларды көриў, гүман қылыныўшыға өзин қорғаў ушын нызамда белгиленген қураллар ҳәм усыллар менен, оның шахсый ҳәм мүлкий ҳуқықларын қорғаўды

Тергеў ҳәрекетлериниң оператив-қыдырыў ҳәрекетлери менен тығыз жағдайда алып барылыўы жынаят судлаў жумысларын сапа жағынан жақсылаўға хызмет қылыўшы факторларынан бири болып табылады. Сорастырыў дәслепки тергеў процесси ушын жәрдемши оператив-қыдырыў, жынаяттың алдын алыў ҳәм жынаят иси бойынша бар дәлийллерди жыйнап, оларды сақлап қойыў, жынаят ислеген гүман қылыныўшы шахсларды анықлаў, қашқан айыпланыўшыларды табыў ҳәм қолға алыў, жынаяттан келтирилген зыянды қаплаў мақсетинде өткерилетуғын ҳәрекетлер системасы болып, тиккелей дәслепки тергеў алдына қойылған ўазыйпаларды әмелге асырыўға жәрдем береди.

# Жуўмақлаў

Солай етип, инсан ҳәм пуқараның ҳуқық ҳәмде еркинликлерин исенимли тәризде қорғаўға қаратылған тәдбирлерди әмелге асырыў мәмлекеттиң баслы ўазыйпаларынан бири болып табылады. Республикамызда прокуратура, судлар, адвокатура системаларын жетилистириў ҳаққындағы нызамлардың жаңа баспада қабыл қылыныўы, Жынаят кодекси, Жынаят-процессуал, пуқаралық-процессуал ҳәм ҳәкимшилик кодекслерге киритилген өзгерис ҳәм қосымшалар Республикамызда инсан, оның турмысы, еркинлиги, абройы ҳәм қәдир-қымбаты – ең жоқары қәдирият екенлигин белгилеў ҳәм олардың өмирде реал әмелге асырылып атырғанының дәлийли есапланады. Өзбекистан Республикасы Олий Мәжилисиниң II шақырық VI сессиясында «Жынайый жазалардың либералластырылыўы мүнәсибети менен Жынаят, Жынаят – процессуал ҳәм ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодекслерине өзгерис ҳәм қосымшалар киритиў ҳаққында»ғы нызамның қабыл қылыныўы мәмлекетимизде инсан ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплерин қорғаў ҳаққында алып барылып атырған реформаларда сапа жағынан жаңа басқышты баслап берди.

Сорастырыў искерлиги, сорастырыў жумысларын алып барыўшы сорастырыў ҳәрекетлери де жынаят-процессуал нызамшылығына күшли бойсынған ҳалда әмелге асырылады. Сорастырыў искерлиги әҳмийетли искерлик болып, ол дәслепки тергеўге жәрдем бериўге, оған көмеклесиўге өз искерлигин қаратады. Нызамды қастан ҳәр қандай шетлеп өтиў, әдалатсызлыққа жол қойыў, сорастырыў органлары тәрепинен нызамсыз рәўиште кешиктирип болмайтуғын ҳәрекетлер - пуқараларды услаў, қамаққа алыў ҳәм жынайый жуўапкершиликке тартыў, тинтиў өткериў киби ҳәрекетлерге айрықша жағдай деп қараўды жолға қойыў керек. Бундай ҳәрекет жүз берген жағдайларда, нызамның сол тәризде бузылыўы аўыр ақибетлерге алып келген-келмегенлиги, жағдайдың жүзеге келиўине себеп болған жағдайларға да объектив баҳа берген ҳалда оператив жыйналысларда

ҳәм комиссия мәжилислеринде додаланып, айыпкер шахслардың жуўапкершилиги мәселеси нызам шеңберинде шешилиўи керек. Көбинесе, сорастырыў жумысларының қәнигели ҳәм процессуал қағыйдаларға бойсынған жағдайда әмелге асырылыўынан, одан кейин алып барылатуғын дәслепки тергеўдиң нәтийжеси байланыслы болады.

Сорастырыў ҳәрекетлери, бул искерликти әмелге асырыўға ўәкиллиги бар болған мәмлекет органлары ҳәм мәпдар шахслар тәрепинен әмелге асырылады.

Дәслепки тергеў менен сорастырыў органлары искерлигине жуўмақлаў келтиретуғын болсак, олардың искерлиги бир мақсетке қаратылғанлығы менен бир қатарда, олар ортасында белгили бир парықлар да бар болып, олар қатарына төмендегилерди киритиў мүмкин:

- сорастырыў ҳәм тергеў  ҳәрекетлериниң түрли органлар тәрепинен әмелге асырылыўы,

- сорастырыў ҳәм тергеў алдында турған функциялардың ҳәр қыйлылығы,

- сорастырыў ҳәм тергеў алып баратуғын ҳәрекетлердиң мазмуны ҳәм характериндеги парықлар,

-сорастырыў ҳәм тергеўди әмелге асырыўшы органлар ҳәм мәпдар шахслардың  ҳуқық ҳәм мәжбүриятларының, статусының ҳәр түрлилиги ҳәм басқалар есапланады.

Демек, сорастырыў ҳәм тергеў ҳәрекетлери ортасындағы улыўмалық парықлар мәселесин анализлеў, сорастырыў ҳәм дәслепки тергеўдиң жынаят процессинде тутқан орнын, олардың ўазыйпа ҳәм белгилерин жәнеде тереңрек аңлап алыўға имкан береди.

Сорастырыўшы кешиктирип болмайтуғын тергеў ҳәрекетлерин, яғный көзден кешириў, тинтиў, алып кетиў, гуўалық бериў, гүмандарды услап турыў ҳәм олардан сорастырыў жумысларын алып барыў, жәбирлениўши ҳәм гуўалардан сорастырыў жумысларын алып барыў киби тергеў ҳәрекетлерин әмелге асырады.

Усы қәнигелик жумысы менен байланыслы болған өз усынысларымды келтирип өтемен:

1. Көплеген мәмлекетлерди сорастырыў органлары менен танысыў арқалы сол нәрсе белгили болды, бул мәмлекетлерде ҳуқық-тәртиплерин сақлаўшы органлар ҳаққында бир қатар нызамлар қабыл қылынған. Соның ушын милиция ҳәм тергеў-қыдырыў искерлиги ҳаққындағы нызамлар қабыл қылыныўы ҳәзирги заманның талабы. Бул сорастырыў органларының искерлигине жәнеде анықлық киритип, оларды басқа органлар менен болған келиспеўшиликлердиң алдын алады.

2. Жынаятшылыққа қарсы гүресте профилактика хызметкерлериның исин мәҳәлле комитетлериниң искерлиги менен байланыстырыў да әҳмийетли орынға ийе. Ҳәзирги күнде профилактика хызметкерлери мәҳәлле комитетлери менен биргеликте ис алып барып атырған болса да, бул ҳаққында нызам тәрепинен ҳеш нәрсе айтылмаған. Жаңа нызамда сол нәрселер де көрсетилсе, мақсетке муўапық болар еди.

3.Тергеўши жынаят ислеген шахс анықланбаған жынаятлар жүзесинен сорастырыў органларына жынаят ислеўде гүман қылыныўшы шахс пенен сорастырыў жумысларын алып барыў тергеў ҳәрекетин тапсырыўы мүмкин. Себеби сорастырыў органлары оператив мағлыўматлар менен жақсырақ танысқан ҳәм олардан пайдаланыў көнликпелерине ийе екенлиги ушын да, мағлыўматлардан жетерли дәрежеде пайдаланған ҳалда сорастырыў процессинде ҳақыйқый көрсетпелер ала биледи. Мениң пикиримше, Жынаят-процессуал кодексине «гүман қылыныўшыдан сорастырыў жумысларын алып барыў тек ғана сорастырыў органлары тәрепинен алып барылады», деген  қосымша киритиў керек. Себеби гүман қылыныўшы ҳаққындағы мағлыўматлар оператив-қыдырыў искерлиги нәтийжесинде табылған дәлийллерге тийкарланади. Соның ушын егер гүман қылыныўшыдан сорастырыў органы жетерли дәлийллер алып, оны айыпланыўшы сыпатында иске тартылғаннан кейин, исти тергеўге өткериў мақсетке муўапық болады.

4. Қурамалы жынаятларды ашыў ҳәм тергеў ҳәрекетлерин алып барыўда тергеў-қыдырыў топарларының дүзилиўи жүдә үлкен нәтийже береди. Лекин жынаят-процессуал нызамда оператив-қыдырыў хызметкерлериниң тергеў топарларына киритилиўи ҳаққында ҳеш нәрсе делинбеген. Бизиң пикиримизше, Өзбекистан Республикасы ЖПКниң 354-статьясының 2-бәнтине төмендегише қосымша киритиў лазым: «Зәрүр болған жағдайларда прокурор, ишки ислер органы яки миллий қәўипсизлик хызмети баслығы арнаўлы шөлкемлестирилген тергеў топарлары қатарына сорастырыў органы ўәкиллерин қосыўы мүмкин».

Тергеў ҳәрекетлерин сорастырыў ҳәрекетлери менен тығыз жағдайда алып барылыўы жынаят судлаў жумысларын сапа жағынан жақсылаўға хызмет қылыўшы факторлардан бири болып табылады.

Жынаятшылыққа қарсы гүрес ҳәм оның алдын алыўда, бул бағдардағы ислерди муўапықластырыўда сорастырыў органларының хызметкерлери тийкарғы ташаббускор болыўы талап етиледи. Инсаният турмысында ушырайтуғын ҳәр қандай машқалани биргелесип, ҳамжихатликда шешип келген. Бүгинги күнде жәмийетте жынаятшылықтың алдын алыў жетекши орын ийелеп атырған екен, бәрше күшлерди бирлестиргенде ғана бул ўазыйпаны нәтийжели орынлаў мүмкин.

# ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР.

## I. БАСШЫЛЫҚҚА АЛЫНҒАН ӘДЕБИЯТЛАР


1. Каримов И.А. Озод ва обод Ватан, эркин ва фаровон ҳаёт – пировард мақсадимиз. Т.8.–Т.: Ўзбекистон, 2000. – 526 б.

2. Каримов И.А. Адолат – қонун устуворлигида. //// Қонун ҳимоясида. -2001. -№9. –Б.7.

3. Каримов И.А. Ватан равнақи учун ҳар биримиз масъулмиз. Т.9. – Т.:Ўзбекистон, 2001. – 438 б.

4. Каримов И.А. Хавфсизлик ва тинчлик учун курашмоқ керак. Т.10. – Т.: Ўзбекистон, 2002. – 432 б.

5. Каримов И.А. Биз танлаган йўл – демократик тараққиёт ва маърифий дунё билан ҳамкорлик йўли. Т.11. –Т.: Ўзбекистон, 2003. – 320 б.

6. Каримов И.А. Ватанимизнинг тинчлиги ва хавфсизлиги ўз куч–қудратимизга, халқимизнинг ҳамжиҳатлиги ва букилмас иродасига боғлиқ. – Т.: Ўзбекистон, 2004. – 43 б.

7. Каримов И.А. Империя даврида бизни иккинчи даражали одамлар, деб ҳисоблашар эди. –Т. Ўзбекистон, 2005. – 64 б.

8. Каримов И.А. Бизнинг бош мақсадимиз – жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир. –Т.: Ўзбекистон, 2005. – 96 б.

9. Каримов И.А. Жаҳон молиявий-иқтисодий инқирози, Ўзбекистон шароитида уни бартараф этишнинг йўллари ва чоралари. – Т.: Ўзбекистон, 2009.

10. Каримов И.А. Ватанимизнинг босқичма-босқич ва барқарор ривожланишини таъминлаш – бизнинг олий мақсадимиздир. – Т.: Ўзбекистон, 2009.

11. Каримов И.А. “Мамлакатимизда демократик ислоҳотларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш Концепцияси” / Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва

Сенатининг 2010 йил 12 ноябрдаги қўшма мажлисидаги сўзлаган маърузаси // Халқ сўзи. 2010 йил 13 ноябр. №220(5135).

12. Каримов И.А. Ўзбекистон мустақиликка эришиш остонасида. – Т.: Ўзбекистон, 2011.

13. Каримов И.А. 2012 йил Ватанимиз тараққиётини янги босқичга кўтарадиган йил бўлади. – Т.: Ўзбекистон, 2012.

14. Каримов И.А. Инсон манфаати, ҳуқуқ ва эркинликларини таъминлаш, ҳаётимизнинг янада эркин ва обод бўлишига эришиш – бизнинг бош мақсадимиздир // Президент И.Каримовнинг Ўзбекистон Республикаси Конституциясининг 20 йиллигига бағишланган тантанали маросимдаги маърузаси. / Халқ сўзи, 2012 йил, 8 декабр.

15. Каримов И.А. Әмелге асырып атырған реформаларымызды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетин қурыў-жарқын келешегимиздиң тийкарғы факторы // Президент Ислам Каримовтың Өзбекистан Республикасы Конституциясы қабыл етилгениниң 21 жыллығына бағышланған салтанатлы мәресимдеги баянаты / 2013-жыл 6 декабрь. – Т.: Ўзбекистон, 2013.

16. Каримов И.А. Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Сенати ва Қонунчилик палаталарининг қўшма мажлисидаги нутқи // Халқ сўзи. 2015 йил 24 январ

## II. ХАЛЫҚАРАЛЫҚ ҲУҚЫҚЫЙ ҲҮЖЖЕТЛЕР

1. Защита прав человека и борьба с преступностью // Документы Совета Европы. – М: 1998. –Б. 221.

2. Инсон ҳуқықлари умумжаҳон декларацияси. Инсон ҳуқықлари.. – Т.: Адолат, 1998. –80 б.

3. Международные акты о правах человека. – М: Норма, 2000. – 784 б.

## III. ҲУҚЫҚЫЙ-НОРМАТИВ ҲУЖЖЕТЛЕР

1. Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. – Т.: Ўзбекистон, 2014. – 40 б.

2. Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы. - Нөкис: Билим, 2014.

3. Ўзбекистон Республикасининг Жиноят кодекси. –Т.: Ўзбекистон Республикаси Адлия вазирлиги, 2014. – 384 б.

4. Ўзбекистон Республикасининг Жиноят-процессуал кодекси. – Т.: Ўзбекистон Республикаси Адлия вазирлиги, 2014. – 624 б.

5. Ўзбекистон Республикасининг «Прокуратура тўғрисида»ги Қонуни (янги таҳрири). –Т.: 2002, –57 б.

6. Ўзбекистон Республикасининг «Давлат божхона хизмати тўғрисида»ги Қонун. 1997 й 29 август. № 472-I.

7. Ўзбекистон Республикаси Бош прокурорининг амалдаги буйруқлари, кўрсатмалари, низом ва йўриқномалари тўплами.–Т.:1999.- 427 б.

8. Ўзбекистон Республикаси Олий Суди Пленуми қарорларининг тўплами. 1991-2006 йй. // Н.З.Тошматовнинг умумий таҳрири остида чоп этилди. – Т.: Ўзбекистон Республикаси Олий Суди, 2007.

9. Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленумининг 2003 йил 19 декабрдаги қарорлари. –Т.: Ўзбекистон Республикаси Олий суди, 2004. -83 б.

10. Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленумининг 2004 йил 24 сентябрдаги қарорлари.–Т.: Ўзбекистон Республикаси Олий суди, 2004.-62 б.

## IV. АРНАЎЛЫ ӘДЕБИЯТЛАР

1. Абдумаджидов Г. Проблемы совершенствования предварительного расследования. -Т.: Фан, 1975. –Б.9.

2. Абдумажидов Г. Расследование преступлений: (Процессуально-правовые насследование). -Т.: Узбекистан, 1986. -Б.14-25

3. Азизходжаев Б.А. Оценка доказательств в уголовном процессе. -Т.: Ўзбекистон, 1995. –Б.55.

4. Брусницин Л.В. Правовое обеспечение безопасности лиц, содействующих уголовному правосудию. - М.: Спарк, 1999. –Б..94;

5. Белкин Р.С. Профессия следователь . - М.: Экспертное бюро, 1998. -Б.96.

6. Горяинов К.К., Кваша Ю.Ф., Сурков К.В. Федеральный закон «Об оперативно-розыскной деятельности». Комментарий / под. ред. проф. П.Г.Пономарева.- М.: Новый юрист, 1997. –Б.208.

7. Григорьев В.И. Обнаружение признаков преступления органами внутренних дел. -Т.: 1986. –Б.24-31.

8. Жогин Н.В., Фаткуллин Ф.Н. Возбуждение уголовного дела. - М.:1961. -Б.112-118.

9. Зажицкий В.М. Использование результатов оперативно-розыскной деятельности./Комментарий к Федеральному закону «Об оперативно-розыскной деятельности» – М.:1997. –Б.108.

10. Иванов В.А, Дознание в уголовном процессе. –Л.: ЛГУ, 1966. – Б.33.

11. Иноғомжонова З.Ф. Жиноят процесси. Махсус қисм. -Т.: ТДЮИ, 2003. –Б.25.

12. Иноғомжонова З.Ф. Жиноят процесси. Умумий қисм. –Т.: Янги аср авлоди, 2002. –Б.4.

13. Иномжонов Ш. Жиноят процессида далиллар тақдим қилиш ва фойдаланиш муаммолари. -Т.: Адолат, 2003. –Б.57.

14. Карагодин В.Н.Следователь как субъект управления. –Иркутск: 1998. –Б.54

15. Михайленко А.Р. Возбуждение уголовного дела в уголовном процессе. -Саратов, 1975. -Б.55.

16. Организованная преступность. Под. ред. А.И.Долговой, С.В. Дьякова. – М.: Криминологическая Ассоциация, 1993. –Б.17-18.

17. Рустамбаев М.Х., Никифорова Е.Н. Правоохранительные органы. - Т.: ТДЮИ, 2003. -Б. 357-360.

18. Савицкий В.М. Прокурорский надзор за дознанием и предварительным следствием. -М.: 1959. –Б.160.

19. Саркисянц Г.П. Понятые в уголовном процессе. -Т.: Фан. 1975. –Б.24-32.

20. Селютин А.В., Григорьев В.Н. Подследственность в уголовном процессе. -М.: Книжный мир, 2002. –Б.18-26.

21. Суслов В.М. Вопросы регламентации деятельности органов дознания в УПК РФ // Новый уголовно-процессуальный закон: теория и практика применения: Материалы межведомственного «круглого стола». -М.: Изд-во Моск. ун-та МВД России, 2003. - Б.100-104.

22. Тетерин Б.С.,Трошкин Е.З. Возбуждение и расследование уголовных дел. -М.: 1997. -Б.8.

23. Ўзбекистон Республикасининг Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар / Масъул муҳаррир: проф. Ғ.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009.

24. Ўзбекистон юридик энциклопедияси / Нашр учун масъул Р.А.Муҳитдинов ва бошқ.; масъул муҳаррир Н.А.Тойчиев. – Т.: Адолат, 2009.

25. Хабибуллаев Д.Ю. Фуқаролик процессуал ҳуқуқининг тамойиллари ва уларни суд амалиётида тадбиқ этиш муаммолари. Монография // ю.ф.д., проф. Ш.Ш.Шораҳмедовнинг умумий таҳрири остида. – Т.: ТДЮИ. 2008.

26. Хидоятов Б.Б. Следственные действия, проводимые в уголовном процессе: учебное пособие. – Т.: Издательство ТГЮИ, 2006.

27. Химичева Г.П. Концептуальные основы процессульного контроля и надзора на досудебных стадиях уголовного судопроизводства. – М.: ЮНИТИ-ДАНА / Закон и право. 2004. – 210 с.

28. Хван Л.Б. Налоговое право: Учебник.- Т.: Консаудит-Информ, 2001. –Б.13-15.

29. Шейфер С.А. Следственные действия: система и процессуальная форма. 2-е изд. испр. и доп. – М.: Юрлитинформ, 2001.

30. Шпилев В.Н. Участники уголовного процесса. – Мн.: Издательство БГУ, 1970. – Б. 51. Белкин Р.Б. Тактика следственных действий. – М.: Новый юрист, 1997.

31. Юридический словарь / Сост., предсл., прилож. А.Ф.Никитина. – М.: «ОЛМА-ПРЕСС» Образование, 2004.

32. Якимов И.Н. Практическое руководства к расследованию преступлений. -М.: 1924. –Б.140.

## V. ИЛИМИЙ МАҚАЛА ҲӘМ ТЕЗИСЛЕР

1. Аҳмедов Б.А. Жиноят ишларини тергов қилиш жараёнида суриштирув органлари билан ҳамкорлик масалалари.// Ҳуқық, Право, Law. -2001. -№3. –Б.78.

2. Аҳмедова С.Т. Шаҳар, туман ички ишлар идоралари раҳбар ходимларининг меҳнатини илмий жиҳатдан ташкил этиш муаммолари. // Ҳуқық, Право, Law. -1999. -№1. –Б.44.

3. Гонтарь И.О. О критериях оценки ОВД в борьбе с преступностью. // Государство и право. -1986. -№9.-Б.87.

4. Гриненко А.В. Об использовании результатов оперативно-розыскной деятельности при производстве по уголовным делам./ Обеспечение прав и свобод человека и гражданина в деятельности правоохранительной системы. / Материалы международной научно-практической конференции. –Белгород: 1998. –Б.217.

5. Громов Н.А., Францифоров Ю.В., Гришин А.И. Основные направления использования результатов оперативно-розыскной деятельности в процессе доказывания.// Следователь. -1999. -№11. –Б.39.

6. Зажицкий В.И. Правовая регламентация деятельности по обнаружению признаков преступления. // Правоведение. -1992. -№4. –Б.106.

7. Карнеева Л.М. Укрепление законности и процессуальная самостоятельность следователя. // Законность. -1988. -№5. –Б.51.

8. Радченко В.И. Судебная реформа в России. // Государство и право. -1999. -№1. –Б.69.

9. Система органов дознания в уголовном процессе России //Уголовно-процессуальный кодекс РФ - год спустя: тезисы докладов и выступлений на научно-практической конференции. 24 октября 2003 г. / Под общ. ред. В.П. Сальникова. -СПб.: Санкт-Петербургский университет МВД России, 2003.-Б.24.

10. Статкус В.Ф. Раскрытие преступлений – важнейшее средство борьбы с преступностью. // Государство и право. -1998. -№9. –Б.67.

11. Тихомиров С.Н. Психологические особенности профессионального мышления следователей органов внутренних дел. // Следователь. -1998. -№9. –Б.48.

12. Фунтиков В.Л. Уголовно-процессуальная деятельность следственных органов и ее роль в процессе осуществления судебной реформы. // Следователь. -1998. -№9. –Б.48.

13. Хидоятов Б. Некоторые особенности взаимодействия следователя с органами дознания при расследовании дел связанных с незаконным оборотом наркотических средств. // Гиёҳвандликка қарши кураш: назария ва амалиёт мавзусидаги илмий-амалий конференция материаллари. - Т.: ТДЮИ, 2002. –Б.126.

14. Сергеев А.Б. Особенности формирования органов дознания в России // История государства и права. -2002. - № 5. - Б.39-46.

15. Рыжаков А.П. Орган дознания: понятие и проблемы // Юридический мир. - 2002. - № 1. - Б.39-43.

16. Кругликов А. Следственные действия и проблемы их производства органами дознания по поручению следователя // Уголовное право. - М.: Интел-Синтез, 2003. - № 3. - Б.91-93.

## VI. АВТОРЕФЕРАТЛАР ҲӘМ ДИССЕРТАЦИЯЛАР

1. Ҳидоятов Б.Б. Проблемы регулирования дознания в Республике Узбекистан: Автореф. дис…. канд. юрид. наук. -Т.: 2002. –Б.9-11.

## VII. ИНТЕРНЕТ РЕСУРСЛАРЫ

1. www. lex. uz
2. www. ziyonet. uz
3. www. ilmziyo. uz
4. www. soliq. uz
5. www. oxs. uz
6. www. allpravo. ru